**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ**

**БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТИЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Юридика факультети**

**Кафедра: Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў**

# Питкериў қәнигелик жумысы

**Тема:** Пухаралықты халықаралық-ҳуқықый тәртитпке салыў (Өзбекстан, Тәжикстан, Қазақстан мысалында)

**Илимий басшы: ю.и.к., доцент Гулимов А.Б.**

**Питкериўши: 4-Г-курс студенти Исмайлов С.**

**НӨКИС - 2011**

**Мазмуны**

**Кирисиў 3**
**I БАП. Пуқаралық түсиниги ҳәм оның принциплери 6**
**1.1 Пуқаралық түсиниги ҳәм оның мазмуны 6**
**1.2 Пуқаралық институтының тийкарғы принциплери 8**

**II БАП. Өзбекстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў ҳәм тоқтатылыўының ҳуқықый тийкары ҳәм тартиплери 10**
**2.1 Өзбекстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў, қабыл етиў ҳәм оны тиклеўдиң ҳуқықый тийкары ҳәм тәртиплери 10**
**2.2 Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳәм оны жоғалтыўдың ҳуқықый тийкары ҳәм тәртиплери 19**

**III БАП. Орайлық Азия мәмлекетлеринде пуқаралыққа тийисли нызамшылық ҳәм шөлкемлесиўшилик дүзилмелер 23**
**3.1 Орайлық Азия мәмлекетлеринде пуқаралыққа тийисли нызамшылық (Тәжикстан ҳәм Қазақстан) 23**
**3.2 Өзбекстан ҳәм Тәжикстан, Қазақстан Республикасында пуқаралық мәселелери бойынша ўәкилликли органлар 35**
**Жуўмақлаў** Ошибка! Закладка не определена.
**Пайдаланылған әдебиятлар дизими 50**
**Қосымшалар**

## КИРИСИЎ

Ҳуқықый мәмлекет формасы жағынан мәмлекеттиң өтмиштеги тарийхый типлерине уқсас болсада, өзиниң мазмуны, түп мазмуны, кең халық массасының мақсет ҳәм мәплерин өзинде терең сәўлелендирийи, жәмийетлик базасының кең ҳәм ҳәр қыйлылығы, қандай жәмийетлик күшлерге таяныўы, пуқаралар алдындағы миннети ҳәм жуўапкершилиги жүдә әҳмийетли екенлиги ҳәм басқа пазыйлет ҳәмде өзгешеликлерине қарай ҳуқықый болмаған мәмлекеттен кескин парық етеди. Бунын тийкарғы мазмуны мәмлекеттиң бир пүтинлиги, ғәрезсизлиги ҳәм бир пүтинлиги есапланады. Әсиресе барлық пуқаралар да бирдей сиясий ҳуқықый статусқа ийе болып, олардың нызам алдындағы теңлиги тәмийинленсе мәмлекеттиң ҳуқықый қатнасықларында толық субьекти есапланады.

Пуқаралық ҳәр қандай мәмлекеттиң ажыралмас белгиси. Ол шахстың мәмлекетке тийислилигин оған карaслы екенлигин ҳуқықый жақтан беккемлейди.[1]

Сыр емес мәмлекет ҳәм пуқара арасындағы ҳуқықый байланыс инсанның туўылғанында жүзеге келип, оның пүткил өмир даўамында сақланып қалынады. Усы байланыс инсанның туўылған ҳәм жасап атырған территория менен шекленбей, мәмлекет тысқарысында да өз күшин жоғалтпайды. Жоқарыдағы қағыйда Өзбекстан Республикасы Конституциясының 22-статьясында беккемленип қойылған.

Пуқаралық конституциялық ҳуқық тараўының әҳмийетли ҳуқықый институтларынан бири есапланады. Әсиресе глобалласыў ҳәм интеграция процесслери жеделлесип атырған XXI әсирде пуқаралық пенен байланыслы мәселелер шешими актуал болып бармақта. Демократиялық ҳуқықый мәмлекет пуқаралардың жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда еледе кең қатнасыўға тийисли шараятларды бериўга жуўапкер есапланады. Пуқаралық институты инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери бойынша мәселелерин жарытыў бойынша, пуқаралардың нызамлы мәплерин қорғаўда кең имканиятлар жаратады. Пуқаралық статусына болған бундай жандасыў демократиялық мәмлекетлердиң нызамшылығы ҳәм әмелиятында өз көринисин таппақта.

Пикиримизше, XXI әсирде инсанияттың ең үлкен мақшалаларын шешиў мүмкин болады. Бул машқаланың шешимин атақлы немец философы И.Кант “дүнья жүзлик ҳуқықый пуқаралық жәмийетине ерисиў” деп тәрийиплеген еди.[2]

Айрым сырт ел мәмлекетлери алымларының пикиринше:”Орнатылған тәртип бойынша пуқаралық бул мәмлекеттиң ишки ҳәм халықаралық қатнасықларындағы

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Конституциявий ҳуқуқи.Дарслик.А.Х.Саидов-Т.: ТДЮИ. 2005.95-б.

[2] Саидов А.Х. Халқаро ҳуқуқ.: Т,. 2002.- 5 б

ҳуқықый жағдайды белгилейди. Бунда биринширден, шахс юридикалықалық тәрептен мәмлекетке тийисли, екиншиден, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлери жыйындысы мәмлекетке салыстырғанда қандай белгиленгенлигин көрип шығыў лазым болады”[3]

**Теманың актуаллығы** соннан ибарат, ҳәзириги күнге келип заман талаплары өзгерген сайын пуқаралыққа тийисли мәселелерди әпиўайыластырыўды талап етпекте. Әсирисе Орайлық Азия мәмлекетлериндеги пуқаралық мәселелерине тийисли машқалалар ҳәзирги кунге шекем өз шешимин топқан жоқ. Өз гезегинде бул ҳуқықый мәселелерди тәртипке салыўға тийисли бирге ислесиў жолларын излеп табыў әҳмийетли орын ийелейди. Қысқа мүддетте ҳәм ықшамластырылған түрдеги пуқаралықты қабыл етиў ҳәм оннан шығыўдың шешимлери еле де өз шешимин топқан жоқ. Орайлық Азия регионы дүнья аренасында өзиниң стратегиялық әҳмийети менен ажыралып турады. Усы региондағы пуқаралық институтының тәжрийбе шеңбери үйренилиўи пикиримизше ҳәзирги күнниң әҳмийетли факторы болып хызмет етеди.

**Изертлеў обьекти** сыпатында тиккелей пуқаралық институты, Әсиресе Өзбекстан Республикасы ҳәм Орайлық Азия мәмлекетлеринде пуқаралыққа ийе болыў ҳәм оның тоқтатылыўының тийкарлары ҳәмде тәртиплерин ашып бериў деп есаплайман.

Бунда тийкарынан миллий ҳәм Орайлық Азия шеңберинде пуқаралыққа тийисли нызамшылық, нызам асты ҳүжжетлери, инструкциялар ҳәм бирге ислесиў ҳүжжетлерин үйрениў болып табылады.

Өзбекстан Республикасы ҳәм Орайлық Азия пуқараларының ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаўға тийисли ҳәрекетлери Өзбекстан Республикасының Конституциясы, 1992 жыл 2 июлда қабыл етилген Өзбекстан Республикасының “Пуқаралығы ҳаққында”ғы Нызам, Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң ишки инструкциялары, Сыртқы ислер министрлигиниң инструкциялары, Тәжикстан, Қазақстан Республикасы Конститутициясы, олардың “Пуқаралығы ҳаққында”ғы Нызамлары ҳәм басқа норматив ҳүжжетлерге таянған ҳалда әмелге асырылады.

Орайлық Азия шеңберинде имзаланған ҳуқықый жәрдем көрсетиў ҳаққындағы көп тәреплеме ҳәм еки тәреплеме халықаралық шәртнамалар ҳәм Орайлық Азия мәмлекетлеринде қабыл етилген пуқаралыққа тийисли нызамшылықты мазмунина тоқталып өтиў, қаларберсе Тәжикстан, Қазақстан ҳәм Өзбекстан Республикасы ортасында дүзилген питим ҳәм шәртнамаларды ашып бериўден ибарат.

---

[3] Черниченко С.В. Международно-правоые вопросы гражданство.- Москва,1968.-21ст

Питириў қанигелик исиниң **изертлеў методы** сыпатында Орайлық Азия мәмлекетлериндеги ҳәм Өзбекстан Республикасындағы ҳуқықый ҳүжжетлерди анализлеў ҳәм салыстырыўдан пайдаланаман.

Питириў қанигелик истиң тийкарғы **мақсет ҳәм ўазыйпалары** Орайлық Азия мәмлекетлеринде пуқаралық институтының қәлиплесиўи, пуқаралық мәселелерине тийисли Өзбекстан ҳәм Орайлық Азия мәмлекетлериниң нызамшылық системасын үйрениў, қаларерсе пуқаралық түсинигине ҳуқықый тисиник бериў ҳәм пуқаралыққа тийисли мәселелер(арза ҳәм усынıслар)ды көрип шығылыўының ҳуқықый тәреплерин ҳәм өзине тән өзгешеликлери менен ашып бериў ҳәмде, бул тараўға тийисли перспективалы режелерин үйренип шығыўдан ибарат.

Орайлық Азия мәмлекетлеринде пуқаралық институты менен байланыслы перспективалы режелерин илгери сүриў ҳәм мақшалаларын үйрениў орын ийелеген.

**Теманың үйренгенлик дәрежеси:** Өзбекстан Республикасында пуқаралыққа тийисли салмақлы руўхый мийнет өнимлери жаратылған. Болар тийкарынан миллий дәрежедеги нызамшылық ҳәм норматив ҳүжжетлер тийкарында исленип, Орайлық Азия мәмлекетлериниң пуқаралық институтына тиийисли арнаўлы жоқары юридикалық оқыў орынлары ушын оқыўлық сыпатында исленбеген. Лекин өзбек ҳәм сырт ел алымлары тәрепинен усы темада излениўлер алып барылған болып, усыған байланыслы илимий мақалалар, қол жазбалар ҳәм илимий дәрежедеги жумыслар әмелге асырылған. Усы тараўды өзбек алымлары тәрепинен: А.Б.Чўлиев, Р.Р Отабоев, О.Т. Хусанов, Ҳ.Т.Одилқориев, А.Х.Саидовлар үйренип шыққан.

Орайлық Азия мәмлекетлеринде әсиресе Қазақстан ҳәм Тәжикстан Республикасы шеңберинде Сапаргалиев Г., Ковачев А., Раджабов С.А., Явич Л.С.лар илимий излениўлер алып барған.

Усы қәнигелик питириў жумысымның қурамы кирисиў, 3 бап, 6 параграф, Жуўмақлаў, пайдаланылған әдебиятлар ҳәм қосымшалардан ибарат болып, 65 бетти қурайды.

## I БАП. ПУҚАРАЛЫҚ ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ПРИНЦИПЛЕРИ

### 1.1 ПУҚАРАЛЫҚ ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ МАЗМУНЫ

Пуқаралық түсинигине әййемнен ҳәр қыйлы мазмун, мәнис берилген ҳәм берилмекте. Ең дәслепки мәнисте, белгили бир мәмлекет пенен тығыз байланыста болған адам пуқара деп есапланған яғный ол усы мәмлекеттеги жәмийеттиң ағзасы сыпатында оның бир ажыралмас бөлеги деп саналған.

Пуқаралық инсанның белгили бир мәмлекет пенен турақлы сиясий ҳәм ҳуқықый қатнасықта екенлигин аңлатыўшы түсиник болып, Конституция ҳәм нызамларда белгиленген тәртипте шахсты мүддетсиз сол мәмлекетке тийислилигин орнатады ҳәм оған қарата мәмлекеттиң юрисдикциясы енгизеди. Усы арқалы шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлери мәмлекет тәрепинен кепиллик бериледи, мәмлекет аймағында ҳәм оның тысқарысында қорғалыў ҳуқықы тәмийинленеди, өз-ара ҳуқық ҳәм миннетлерде теңлик принципи қолланылады, ҳәмде мәмлекет ҳәм жәмийет алдындағы белгили бир миннетлерди әмелге асырыў жуўапкершилигин өз мойнына алады.[4]

Пуқаралық статусының пайда болыўы тарийхый әсирлер даўамында узақ даўам еткен раўажланыў басқышларды өз ишине алады. Дүнья жүзи мәмлекетлери раўажланыў тарийхында пуқаралыққа ийе болыў түсиниги латынша "filiatia" термини менен аталады. Бундай атама бойынша пуқаралыққа ийе болыўдың еки тийкарғы бағдары бар болып, "Жер ҳуқықы" (латынша "jus soli") ҳәм "Қан ҳуқықы"(латынша "jus sunguinus") деп жүритиледи. жер хукыкы - бойынша, белгили бир мәмлекет аймағында туўылған перзент сол мәмлекеттиң пуқарасы болып есапланады. Қан хукыкы - бойынша, белгили бир мәмлекеттиң пуқараларынан туўылған перзент ата-анасының пуқаралығына байланыслы қабыл етиледи. Ҳәзирги заман мәмлекетлериниң пуқаралығы тийкарынан «қан ҳуқықы» бойынша белгиленеди. (Франция, Германия, Италия ҳәм басқалар).

Пуқаралық институты конституциялық ҳуқық тармағында қәлиплескен болып ҳәзирги күнге келип ҳуқық тармағындағы әҳмийетли итибарға ийе болған айрықша институт саналады. Себеби усы институт мәмлекет ҳәм пуқара арасындағы ҳуқықый байланысларға тийкарланған қатнасықлар жыйындысы есапланады.

Басқаша етип айтқанда пуқаралық түсинигиниң тәлийматы шахстың ҳуқықый жағдайын тәмийинлейтуғын суверен мәмлекет белгиси деп улыўма түсиник бериў мүмкин.

---

[4] Чўлиев А.Б, Отабоев Р.Р. Конституция ва Ўзбекистон Республикасининг фуқаролиги (Рисола). Т.: "Адолат"- 2006. 6-б.

Пуқаралық статусына болған бундай көз-қарас демократиялық мәмлекетлердиң нызамшылығы ҳәм әмелиятында өз көринисин таппақта. Пуқаралыққа тийисли мәселелер Өзбекстан Республикасы  Конституциясы, "Өзбекстан Республикасының пуқаралығы ҳаққында»ғы ҳәм "Өзбекстан Республикасының "Консуллық Уставы ҳаққында»ғы Нызамлары Өзбекстан Республикасы  Президентиниң Пәрманлары, Министрлер Кабинетиниң Қарарлары, ИИМниң айрықша инструкциялары, ҳәмде пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы мәмлекет органларының ҳүжжетлери тийкарында шешилмекте.

Солай етип, пуқаралық статусының белгилениўи жүдә кең болып, айрым мәмлекетлердиң пуқаралары еки ҳәм оннан атрық мәмлекетлердиң пуқаралығына ийе болыўы мүмкин. Еки пуқаралық (бипатризм)  ҳәзириги күнге келип өзиниң айрым унамлы ҳәм унамсыз тәреплери  менен белгили болмақта.

"Улыўма тән алынған қағыйдаға муўапық, ҳәр бир шахс тек ғана бир мәмлекеттиң пуқарасы бола алады. Бул орында соны айрықша айтып өтиў керек, айырым мәмлекетлердиң айрым сиясий басшылары белгили бир миллет ўәкиллерине еки пуқаралық хукыкын бериў мәселесин алға сүйремекте. Бунда айрым миллетке тийисли шахслардың ҳуқықларын толық қорғаўды нәзерде тутпақта. Тийкарын алғанда олардың мақсети басқа - бизиң ишки ислеримизге араласыў, бизиң ғәрезсизлигимизди шеклеў, бизге сол жол менен жәнеде басым өткизиўге урыныў болып табылады."[5]

Бүгинги күнде мәмлекет, шахс ҳәм пуқара арасындағы қатнасықларда бир-бирине байланысқан конституциялық байланыстың тығызлығы шахс ҳуқықый статусының тийкарғы машқалаларында пуқаралық ҳуқықый жағдайының қәлиплесиўине хызмет етпекте. Улыўма мәнисте, пуқара дегенде, шахстың белгили бир мәмлекетке тийислилиги түсинилсе, бунда пуқаралар сол мәмлекеттиң суверен ҳәкимиятына бойсынған ҳалда тең ҳуқықларға ийе болып, мәмлекет-жәмийет алдындағы миннетлемелерди орынлайды. Мәмлекеттиң пуқаралығы мүддетсиз белгиленеди яғный өз-ара қатнасықлар пуқаралықтан шыққанда, тоқтатылғанда, тамам болғанда яки қайтыс болғанлық мүнәсибети менен жуўмақланыўы  мүмкин. Пуқаралық шахстың мәмлекет территориясынан  шығып кеткен жағдайда да бийкар етилмейди.

Сиясатқа байланыслы болмаған жынаят яки БМШ мақсетлери ҳәм принциплерине қарсы болған қылмыс ислеген болса, бундай ҳуқықтан пайдаланыўы мүмкин емес. Ҳәр бир инсанның пуқаралық ҳуқықы бар. Ҳеш ким өзбасымшалық пенен өз пуқаралығынан

---

[5] Каримов И.А Биздан озод ва обод ватан қолсин. Т.2.: “Ўзбекистон”, 1996.95-б.

айрылыўы яки өз пуқаралығын өзгертиў хукыкынан айрылыўы мүмкин емес."[6] Усы қағыйда XXI әсирдиң 2-ярымында императив норма сыпатында орнатылып қойылыўы мәмлекетлердиң пуқараларға болған салыстырмалы беккем исеним менен байланысқанлығында көремиз. Соның ушын да демократиялық ҳуқықый мәмлекетте пуқаралардың тең ҳуқықлылығын тәмийинлеў шеңбери шегараланбайды.

## 1.2 ПУҚАРАЛЫҚ ИНСТИТУТЫНЫҢ ТИЙКАРҒЫ ПРИНЦИПЛЕРИ

Барлық ҳуқық тараўларында болғаны сыяқлы пуқаралық институтының нормалары қолланылатуғын орында принциплер өз көринисин табады. Ҳәммемизге белгили принцип белгили бир тараў яки тармақты бағдарлаўшы нурға салыстырылады. Мәмлекетимиз бойлап бул принциплерди бағдарлаўшы тийкарғы юридикалық ҳүжжет Конституция есапланады. Себеби пуқаралық статусы Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм оның тийкарында қабыл етилген нызамлар бойынша белгиленеди.

Демек, ***пуқаралықтың тийкаргы принциплери төмендегилерде өз көринисин табады:***

*ықтиярийлық* принципи, ҳар бир шахс өз ерки ҳәмде нызамлы мәплерин есапқа алған ҳалда, таңлаў ҳуқықына ийе. Бул принциптиң бар екенлиги пуқарларға таңлаў имканиятын жаратады. Бизди бул принципти *әдиллик* принципи деп атасақ адаспаймыз, себеби айрым жағдайларда пуқаралығынан айрылған яки оны нызамсыз жоғалтқан шахсларға қарата қолайлық жаратыўшы фактор бола алады.

*Тең ҳуқықлылық* принципинде, пуқаралық статусының берилиўи миллий ҳәм диний теңлик тийкарында болыўын аңлатады. Өзбекстан Республикасының пуқаралығы пуқаралықты алыў тийкарларына қарамастан барлық адамлар ушын тең есапланады. Өзбекстан Республикасының пуқаралары келип шығыўынан, жәмийетлик ҳәм мүлкий жағдайынан, рассасы ҳәм миллетинен, жынысы, мағлыўматы, тилинен, динге болған қатнасығынан, сиясий ҳәм басқа исенимлеринен, хызмет түри ҳәмде басқа жағдайларға қарамастан, нызам алдында тең есапланады.[7]

Өзбекстан Республикасы пуқараларының тең ҳуқықлылығы экономикалық, сиясий, жәмийетлик ҳәм мәдений турмыстың барлық тараўларында тәмийинленеди.

*Нызамлылық* принципиеде, пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы барлық мәмлекетлик органлар ҳәм шөлкемлердиң өз реже(устав)леринде ҳәм басқа ҳүжжетлерде

---

[6] Всеобшая декларация прав человека, 10 декабря 1948 г. ст 15-Действуюшее международное право.в 3-томах.//сост. Ю.М.Колосов и Э.С.Кривчикова.Т.2.-М.: Издательство Московского независимого института международаого права, 1999.

[7] "Ўзбекистои Республикасининг "Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №7.-2 м.

нәзерде тутылған ўазыйпаларын Өзбекстан Республикасы конституциясы ҳәм тийисли нызамлар шеңберинде белгилениўи ҳәм әмелге асырылыўын билдиреди.

*Инсанийлық* принципи, ҳәр бир мәмлекет пуқаралығы белгилениўинде «Инсан ҳуқықлары Дүнья жүзлик Декларациясы» ның барлық қағыйдалары тийкарында инсанның өмири, шахсы, еркинликлериниң қолқатылмаслығын тән алған ҳалда әмелге асырылыўын беккемлейди.

Халық аралық ҳуқықта, пуқаралық статусында, еркинликлер ҳәм миннетлемелер айрықша бир системада болыўы тән алынған. Биринши орында, жәмәәт болып,-мәмлекет басқарыўында қатнасыў хукыкы турады. Пуқаралық статусының келип шығыўы тарийхый көп әсирлер даўамында қалиплесип келген ҳәм ҳуқықый демократиялық мәмлекет дүзилисин өзинде беккемлеген жәмийетлик раўажланыў нәтийжеси есапланады. Пуқаралықты белгилеў тийкарында жәмийетлик-экономикалық, руўхый ҳәм мәдений раўажланыў мақшалаларын шешиў ушын ҳәрекет кылған. Соның ушын да пуқаралық статусы Өзбекстан Реснубликасы конституциясы ҳәм оның тийкарында қабыл етилген нызамлар тийкарында белгилениў ис-иләжлары белгиленген.

Егер биз қандай да бир мәмлекеттиң пуқаралық ҳуқық ҳәм еркинликлерин тийкарғы нызамларында белгиленгенлигин көрсек, оның өзине тәнлигине исеним билдиремиз. Ҳәзириги дәўирде пуқара статусы демократияның қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы нәтийжесинде жетилисип қәдир-қымбаттың кепилликлери күннен-күнге жоқарылап бармақта. Сиясий, жәмийетлик-экономикалық қатнасықларда қандай миллетке, динге, рассаға тийислилик тан алынбайды, тек ғана ол инсан деген идея жоқары есапланып конституция ҳәм нызам үстинлиги әмелде есапланады. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери бойынша конституциямыз инсан ҳуқықлары дүнья жүзлик декларациясының барлық тийкарғы идея ҳәм қағыйдаларын өзине сиңдирген. Өзбекстанда жасаўшы ҳәр бир шахс пуқаралық хукыкына ийе. Ҳәр ким пуқаралықтан яки пуқаралықты өзгертиў хукыкынан айрылыўы мүмкин емес".[8]

Пуқаралықтың әҳмийети шахстың мәмлекетке қарата ҳуқықлары ҳәм миннетлерин ҳәмде мәмлекеттиң сол шахсқа қарата ҳуқықлары ҳәм миннетлерин өз ишине алады. Өзбекстан Республикасы ҳәр бир пуқараларын өз аймағында ҳәм оннан тысқарыда да ҳуқықый қорғаў ҳәм оларға ғамхорлық көрсетиўин кепиллестиреди.

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизлиги өз пуқараларының ҳуқықый ҳәм руўхый бирлигин тәмийинлеў шараларын көриў хукыкын берди. Пуқаралардың ҳуқықый ҳәм руўхый бирлиги, теңлиги тек ғана демократиялық мәмлекетде ғана кепиллик

---

[8] Каримов И.А. Биздан озод ва обод ватан колсин. Т 2.-Т.: “Ўзбекистон”. 1996.-97 6

бериледи. Демек, пуқаралық шахстың жәмийетте өз орнын табыўы ушын лазым болған барлық шәрт-шараятларды жаратыўшы мәмлекет ҳуқықый механизми болып, шахстың жәмийетте тутқан орнының нызамлы шеңберин белгилеп береди. Бул болса пуқаралық түсинигиниң улыўма көринисине минезлеме берсе, мәмлекет суверенитетиниң ажыралмас белгиси сыпатында халық түсинигин келтирип шығарады ҳәм олардың теңлигин тәмийинлеўде өз-ара қатнасықларының конституциялық-ҳуқықый факторы болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы пуқаралығы, пуқаралыққа ийе болыў тийкарларына қарамастан конституциялық-ҳуқықый қатнасықларда теңлик принципиндеги статусы белгиленген. Мәмлекет пенен шахс арасындағы пуқаралық статусының белгилениўи өз-ара қатнасықларды беккемлеўши ҳуқықый қурал сыпатында ҳарактерлениўши байланыстың орнатылыўы менен ажыралып турады. Бунда ҳуқықый байланыс шахстың белгили бир мәмлекет пуқарасы болған ўақыттан басланып оның қайтыс болыўына шекем даўам етеди.

## II БАП. ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПУҚАРАЛЫҒЫНА ИЙЕ БОЛЫЎ ҲӘМ ТОҚТАТЫЛЫЎЫНЫҢ ҲУҚЫҚЫЙ ТИЙКАРЛАРЫ ҲӘМ ТӘРТИПЛЕРИ

### 2.1 ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПУҚАРАЛЫҒЫНА ИЙЕ БОЛЫЎ, ҚАБЫЛ ЕТИЎ ҲӘМ ОНЫ ТИКЛЕЎДИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ТИЙКАРЛАРЫ ҲӘМ ТӘРТИПЛЕРИ

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң XII шақырық, XI сессиясында (1992 жыл 10 декабрде) сөйлеген сөзинде; «Турмысымызды айрым бурынғы аўқамлас республикалар да бүгинги яғный ғәрезсиз мәмлекетлер менен салыстырсақ, бизиң халқымыз митинглерге шығыў, дәбдебеликке берилместен, тыныш, қәдембе-қәдем дөретиўшилик искерлиги менен менен бәнт екенлигин көремиз"деген еди[9].

Пуқаралыққа ийе болыў тийкарлары ҳәмде тәртиби Өзбекстан Республикасының пуқаралығы ҳаққындағы нызам менен белгиленеди.

Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы сырт ел пуқараларының ҳәм пуқаралығы болмаған шахслардың ҳуқық ҳәм еркинликлери халықаралық ҳуқық нормаларына муўапық тәмийинленеди. Олар Қарақалпақстан Республикасы конституциясы, нызамлары ҳәм Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамалары менен белгиленген миннетлерди орынлайды, деп белгиленген.[10]

---

[9] Каримов И.А Ўзбекистон: Миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура.Т.1.-Т.:” Ўзбекистон”, 1993. -101.б
[10] Қорақалпоғистон Республикаси Конституцияси-Нукус.,Қорақалпоғистон,1998.-53 б

Өзбекстан Реслубликасы пуқаралығына тийислилик мәселеси пуқаралықты сақлаў мәселеси менен тығыз байланыслы.

Өзбекстан Республикасының 1992 жыл 2 июлда қабыл етилген "Пуқаралық ҳаққында»ғы Нызамында пуқаралық;

- нызам күшке киретуғын күнде Өзбекстан Республикасы пуқаралығында болған, басқа мәмлекетлердиң пуқаралары есапланбаған ҳәм республика пуқаралары болыўы тилегин билдирген шахслар;
- республика пуқаралығына қабыл етилген шахслар;
- республикадан тысқарыда мәмлекет жолламасы менен ислеп атырған, әскерий хызметти өтеп атырған ямаса билим алып атырған шахслар, егер олар республика аймағында туўылған болса яки сол жерда-турақлы жасп атырғанлығын дәлиллесе, басқа мәмлекеттиң пуқаралары балмаса ҳәмде 1993 жылдан кешикпей, республика пуқарасы болыў тилегин билдирген болса Өзбекстан Республикасы пуқарасы есапланады.

*Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы пуқаралығына төмендеги жағдайларда ерисиледи:*

1. туўылған да;
2. Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етилиўи нәтийжесинде;
3. Өзбекисгон Республикасының халық аралық шәртнамаларында нәзерде тутылған тийкарлар бойынша.[11]

Туўылыўы бойынша Өзбекстан Республикасы пуқаралығына ийе болыўмәселесиниң шешилиўи бала туўылған ўақыттан оның ата-анасы Өзбекстан Республикасы пуқарасы есапланса, бала Өзбекстан Республикасы пуқаралығына ийе болады. Пуқаралығы болмаған шахслардан, Өзбекстан аймағында туўылған балалар Өзбекстан Республикасы пуқарасы есапланады бирақ, республикада турақлы жасап киятырған ата-анасы белгисиз балалар да Өзбекстан Республикасы пуқаралығына ийе болады. Пуқаралықты тийкарынан натурализация жолы менен (басқа мәмлекет пуқаралығына өтиў) «туўылыў бойынша» пуқаралықтың белгилениўи әҳмийетли орын тутады. Ересек жасына жеткен шахс, саналы рәўиште өзге мәмлекеттиң пуқаралығын қабыл етиў тилегин билдириўи менен парық етеди. Бул бағдарға тиийисли шахстың анык ҳәм ҳуқықый сәўлеленген жасап турған мәмлекеттиң пуқарасы болып қалыў тилегин менен байланыслы мәселе есапланады.

Егер бала Өзбекстан Республикасы аймағынан тысқарыда туўылған болып, ата-анасынан бири республика пуқарасы болса, яки олардың бири бул ўақытта Өзбекстан

---

[11] "Ўзбекистои Республикасининг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №7.- 12 м.

аймағында  турақлы жасаған болып, ҳәр қыйлы пуқаралыққа ийе болса, бала Өзбекстан пуқарасы есапланады. Егер бала республика тысқарысында туўылған  болып, баланың ата-анасы ҳәр қыйлы пуқаралыққа ийе болса, олардан бири Өзбекстан Республикасы пуқарасы, лекин олардың ҳәр екеўиниң де Өзбекстан тысқарысында жасап атырған болса, бундай жағдайда ҳалда баланың пуқаралығы мәселеси ата-ананың өз-ара келисиўине байланыслы, жазба рәўиште көрсетилген келисими менен белгиленеди.

Егер перзентликка алыў нәтийжесинде перзентликке алынған баланың Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлери ҳәмде халықаралық шәртнамалары менен белгиленген ҳуқықлары бузылатуғын болса, перзентликке алыўшының қайсы пуқаралыққа тийислилигине қарамастан, перзентликке алыў мүмкин емес, перзентликке алынған жағдайда болса,ол суд тәртипинен бийкар етилиўи лазым. Бул ҳаққында Өзбекстан Республикасында Шаңарак Кодексиниң белгиленген қағыйдаларына әмел етилиўи талап етиледи.

Өзбекстан Республикасы  пуқарасы болған ҳәм Өзбекстан Республикасы  аймағынан тысқарыда жасап атырған баланы перзентликке алыў перзентликке алыўшы қайсы мәмлекеттиң пуқарасы болса, сол мәмлекеттиң ўәкилликли органы тәрепинен әмелге асырылғанлығы, егер бала яки оның ата-анасы (олардан бири) Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кетиўден алдын жасап турған орындағы район, қала ҳәкиминиң перзентликке алыў ҳаққындағы рухсатын алдыннан алған болса ғана, Өзбекстан Республикасында ҳақыйқый деп тән алынады.[12]

Турақлы жасаў факти паспортта турақлы дизимде турғаны ҳаққындағы белги бар екенлиги менен тастыйықланады. Дизимге алыў тәртиби Өзбекстан Республикасы  ИИМ тәрепинен белгиленеди.

Пуқаралық ҳаққындағы нызам күшке кирген дәўирде әскерий хызмет өтеп атырған шахсларды дизимге алыў Өзбекстан Республикасы  ИИМ ҳәм Қорғаныў министрлиги менен биргеликте белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Жазани орынлаў уйымларында жаза мүддетин өтеп атырған шахсларды дизимге алыў ИИМ тәрепинен белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Пуқаралық ҳаққындағы нызамның 42-статьясына муўапық дизимнен өткен шахсларға бирден бир үлгидеги Өзбекстан Республикасы  пуқарасы паспорты тапсырылады. 16 жасқа толмаған балалардың Өзбекстан Республикасы  пуқаралығына тийислилиги ҳаққындағы жазыўлар, олардың ҳүжжетлерине киритиледи.

---

[12] Ўзбекистон Республикасининг “Оила Кодекси”.30.04.1998 й.№ 607-I.237 м.

Өзбекстан Республикасы нызамшылығында пуқаралыққа ийе болыў тийкарлары ҳәр қыйлы табийғый-ҳуқықый шәрт-шараятлар ҳәм жағдайлар менен белгиленеди. Айрым жағдайларда республика пуқарасы болған еркек яки ҳәялдың Өзбекстан Республикасы пуқаралығында болмаған шахс пенен некелесиўи, олар некесиниң бийкар етилиўи, ерли-зайыплы пуқаралығының өзгертилиўине, олардан бириниң пуқаралығы өзгериўине себеп болмайды. Пуқараның сырт елде жасаўы да республика пуқаралығының тоқталыўына алып келмейди.

Өзбекстан Республикасы пуқарасы паспорты пүткил Өзбекстан Республикасында бирден бир үлгиде өзбек ҳәм инглис тиллеринде Қарақалпақстан Республикасы ушын болса қарақалпақ, өзбек ҳәм рус тиллеринде таярланады ҳәм 32 беттен ибарат болады.

Паспортқа пуқараның шахсы ҳаққында төмендеги мағлыўматлар жазылады:

- фамилия, аты, әкесиниң аты;
- туўылған жылы, күни, айы;
- туўылған орны;
- миллети;
- жынысы;
- шахс уқсаслығын анықлаў номери (пуқараның жеке коды).[13]

Паспортқа пуқараның миллети ҳаққындағы жазыў оның ата-анасының миллетине қарап белгиленеди. Егер пуқараның ата - анасы түрли миллетке тийисли болса, паспорт алыўшының тилегине муўапық акеси яки анасының миллети жазылады. Паспорт 16 жастан 25 жасқа шекем толғанға шекем ҳақыйқый есапланады. Пуқаралар 25 жастан ишки ислер уйымларында жаңа паспорт алыўлары шәрт. 45 жаста жаңа паспорт алыў ушын арза береди ҳәм оның мүддети шекленбейди.

***Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасайтуғын пуқараларды Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў:***

Соңғы 5 жыл даўамында Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасаған шет-ел пуқарасы яки пуқаралығы болмаған шахс өзиниң турақлы жасаў мәнзилиндеги ишки ислер уйымлары арқалы Өзбекстан Республикасы Президенти атына пуқаралыққа қабыл етиў ҳаққындағы арза усынады, арзада Өзбекстан Республикасы Конституциясын тан алыўы, оның талапларын орынлаў миннетин алыў ҳәм сырт ел пуқаралығынан бас тартыў көрсетиледи.

---

[13]Ўзбекистон Республикаси Президентининг 26 феврал 1999 йилги ПФ-2240-сонли Фармони, Вазирлар Маҳкамасининг 91 ва 92-сонли «Ўзбекистон Республикасида паспорт тизимини амалга ошириш тўғрисида»ги қарорларини эълон қилиш бўйича Йўриқномани тасдиқлаш ҳақида Ўзбекистон Республикаси ИИВнинг 1999 йил 29 мартдаги 55-сонли буйруғининг янги таҳрири.

Пуқаралығы болмаған шахслар статусы Өзбекстан Республикасы ИИМ тәрепинен ТИМ менен биргеликте белгиленеди.

Арзаға төмендегилер қосымша киритиледи:

• Анкета-арза 2 нусқада;

• Шет ел пуқаралығынан шыққанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет (пуқаралығы болмаған шахслардан тысқары);

• Өмир баяны 2 нусқада;

• нызамлы дарамат дереклери бар екенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжет (жумыс орнынан мағлыўматнама яки ис хақы, пенсия, напақа, дивидендлер ҳәм басқа дарамат дереклери көрсетилген ҳүжжетлер);

• 4 фотосүўрет;

• 2 нусқада жасаў орнынан шаңарақ ағзалары да көрсетилген мағлыўматнама;

• мәмлекет бажы төленгенлиги яки оны төлеўден азат етилгени ҳаққында ҳүжжет.[14]

Арза, сораўнама ҳәм өмир баянлардың барлық нусқалары арзашы тәрепинен сәне қойылған ҳалда имзаланған болыўы шәрт.

Егер, ол өзиниң саўатсызлығы яки физикалық уқыпсызлығы себепли арзаға жеке имза қоя алмаса,бундай жағдайда оның илтимасына муўапық басқа шахс имзалайды, бул ҳаққында ишки ислер органы тәрепинен басқа шахс тәрепинен имзалаў себеплери арзада тийисли тәризде көрсетип қойылады.[15]

Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққындағы ҳүжжетлердиң дурыс рәсмийлестирилгенлиги тексериледи, бул мәселелер бойынша 2 нусқада топлам жүритиледи ҳәм тийисли миллий қәўипсизлик органларының бул ҳаққындағы пикири қарап шығылады.

Өзбекстан Республикасы ИИМ өзиниң жуўмағын Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққындағы ҳүжжетлер менен бирге Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша комитет ҳәм тийисли (МҚХ ҳәм ТИМ) органларға жибереди, олар өз гезегинде Өзбекстан Республикасы Президенти Комиссиясына тек ғана өз жуўмағын усынады, ҳүжжетлер болса Өзбекстан Республикасы ИИМ не қайтырылады.

***Сырт елде турақлы жасайтуғын пуқараларды Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў***

---

[14] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 20 ноябръ 1992 йилдаги ПФ-500 сон билан тасдиқланган «Ўзбекистон Республикаси фуқаролиги билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низоми

[15] "Ўзбекистои Республикасининг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №7.- 34 м.

Өзбекстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиўди тилегин билдирген шахс Өзбекстан Республикасы СИМине шағым етеди. Илтимас себеплери көрсетилген арза, оның басқа мәмлекет пуқаралығынан ўаз кешиўи яки улыўма пуқаралығы жоқлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет, арза бериўшиниң өмир баяны ҳаққында мағлыўматлары Өзбекстан Республикасы СИМ тәрепинен тастыйықланған формадағы сораў бетлериде 3 нусқада көрсетиледи, оған арза бериўшиниң ден-саўлығы ҳаққындағы, сондай-ақ ОИТС бойынша тексериўден өткенлиги ҳаққындағы мағлыўматнама ҳәм фото сүўретлер қосымша қылынады Өзбекстан Республикасы пуқаралығына өтиў илтимаснамасыны киритken ҳәм Өзбекстан Республикасында турақлы жасаў ушын көшип келиў тилегин билдирген шахс өз арзасында Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў мәселеси, оған Өзбекстан Республикасы яки Қарақалпақстан Республикасы, қандай да бир ўалаят аймағыннан турақ жай ажыратып бериў яки жумыс пенен тәмийинлеўге байланыслылығы яки байланыслы емеслигин көрсетип өтиў шәрт.

Шет ел пуқарасы есапланған ўатанлас шахс өзиниң Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққындағы арзасына, оның Өзбекстан Республикасы аймағында туўылғанлығы ҳәм бул аймақта оның әкеси яки анасы, атасы яки апасы туўылғанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет яки дәлийл қосымша қылыўы шәрт.

Сондай-ақ шет ел пуқарасы өзи жасаған мәмлекеттиң, оның Өзбекстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиўге болған қатнасы ҳаққында гүўалық бериўши ҳүжжетти усыныўы лазым. Егер илтимаснама бериўши шахсқа байланыслы болмаған себеплерге муўапық бундай ҳүжжет усынила алмаса, арза бериўши бул ҳаққында өз арзасында көрсетип өтиўи шәрт. Бундай жағдайда арзаны көрип шығыўға тосқынлық етпейди.

Мәжбүрий қашқынлыққа(мухожирликга) шығыў - Өзбекстаннан куўғынға ушыраған, қуўдаланыўы, пуқаралық урыс ўақтында коллониялық тәртип дәўиринде шахстың кемситилиўи, 30-жыллар яки оннан соңғы жыллардағы қуўғын ақыбетинде көшип кетиўи, сондай-ақ басқа кеширимли себеплерге муўапық пуқаралықты жоғалтыў есапланады.

Өзбекстаннан мәжбүрий қашқынлыққа шығыў фактин тан алыў ушын тийкар болып, ИИМ, суд прокуратура, бурынғы КГБ ҳәм басқа мәмлекет шөлкемлериниң архив ҳүжжетлеринен көширме яки 3 ден кем болмаған шахстың исенимли гүўалық көрсетпелери тийкар болыўы мүмкин.

16 жасқа толмаған шахсқа тийисли арза көрсетилген талапларға бойсынған ҳалда

әмелге асырылады.[16]

Шет ел пуқарасы есапланған ўатанласларымыздың 2 пуқаралыққа ийе болыў мәселеси бойынша, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң арнаўлы депутатлик комитети жуўмағы да талап етиледи.[17]

Өзбекстан Республикасы ҳәм Украина мәмлекети менен еки пуқаралықтың алдын алыў бойынша имзаланған шартнама да усы мәселеге арналады. Бунда еки пуқаралыққа шек қойыўдың ҳуқықый механизми жаратылған.

Шахс Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққындағы илтимаснама менен шағым етсе ҳәм оның Өзбекстан Республикасы яки Қарақалпақстан Республикасы территориясына көшип келиў тилеги болған жағдайда елшихана 3 нусқадағы ҳүжжетлерди өзиниң жуўмағы менен биргеликте Өзбекстан Республикасы СИМне жибереди. Биринши нусқасы Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясиға жибериледи. Екинши нусқасы бул шахстың республикаға кириўи мүмкинлиги мәселесинде келисиў ушын ИИМне жибериледи. Соң МҚХне жолланады, ол өз гезегинде жуўмақты Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясиға жоллайды. Үшинши нусқасы Сыртқы ислер министрлигинде қалады.

Бул ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясына жиберилетуғын жуўмақ таярланады. Комиссия Қарақалпақстан Республикасы министрлер кеңеси, Ташкент қаласы ҳәм ўалаятлар ҳәкимиятларынан арза бериўшини жумыс пенен ҳәм үй-жай менен тәмийинлеў бойынша пикирин сорайды. Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясы ҳүжжетлерди көрип шығады ҳәм Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен қарар қабыл етилиўи ушын усыныс киритеди.

Айрықша жағдайларда Өзбекстан Республикасы Президенти қарарына муўапық Өзбекстан Республикасы алдында мислсиз хызметлери бар болған яки илим, техника ҳәм мәденият тараўларында жоқары жетискенликлерге ерискен, сондай-ақ республика ушын пайдалы болған кәсип яки қанигеликке ийе болған айрықша шахслар Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етилиўи мүмкин.

Республика ушын әҳмийетли болған кәсип яки қанигеликке ийе болған шахслар

---

[16] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 20 ноябръ 1992 йилдаги ПФ-500 сон билан тасдиқланган «Ўзбекистон Республикаси фуқаролиги билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низоми III-бўлими, 2-банди

[17] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 20 ноябръ 1992 йилдаги ПФ-500 сон билан тасдиқланган «Ўзбекистон Республикаси фуқаролиги билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низоми

тийисли диплом яки гуўалық, сондай-ақ шахс тәрепинен өз искерлик тараўында жоқары нәтийжелерге ерискенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди усыныўы шәрт. Өзбекстан Республикасы ушын әҳмийетли болған касип ҳәм қәнигеликлер Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

Сырт ел мәмлекет пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслардың Өзбекстан Республикасының пуқаралығына қабыл етиў тийкарлары белгиленген болып, сырт ел мәмлекет пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар рассасы, миллетинен, сиясий ҳәм басқа исенимлерине қарамастан өз илтимасына байланыслы Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етилиўи мүмкин, лекин бунда төмендеги талаплар орынланыўы лазым;

1. шет ел пуқаралығынан ўаз кешиўи;
2. соңғы бес жыл даўамында Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасаған болыўы шәрт. Егер Өзбекстан Республикасы аймағында туўылып, ата-аналаранан бири, асасы яқи апасынан бири сол аймақта туўылғанлығын ҳәм олар басқа мәмлекет пуқарасы емеслигин дәлиллеген болса, жоқарыда көрсетип өтилген шәртлер тийисли болмайды;
3. жасаў ушын нызамлы дарамат дереклери бар болса;
4. Өзбекстан Республикасы Конституциясын тән алыў ҳәм оған әмел етиў.[18]

Егер пуқаралыққа өтиў ушын илтимас етип атырған шахс Өзбекстан Республикасының конституциялық дүзимин зорлық пенен өзгертиў тәрепдары болса, искерлиги Өзбекстан Республикасының Констигуциялық принциплерине сәйкес болмаған партиялар ҳәм басқа шөлкемлерде ағза болса, республика нызамлары менен куўдаланатуғын ҳәрекетлери ушын ҳүким етилген ҳәм азатлықтан айырыў түриндеги қамақ жазасын өтеп атырған болса, оның пуқаралыққа қабыл етиў ҳаққындағы илтимаснамасы бас тартылады. Бундай жағдайларда пуқаралық Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тиклениўи мүмкин.

Пуқаралыққа ийе болыў ҳәм оны қабыл етиўден тысқары пуқаралықты алыўдың басқа ҳуқықый жоллары бар. Пуқаралықты тиклеў, гейде "реинтеграция" термини де пуқаралық мәселелерин шешиўде қолланылады. Шахстың өзи алдын жасаған мәмлекетине қайтыўы "реинтеграция" деп аталған пуқаралықтың алыў бағдарын белгилейди. Реинтеграцияның өзине тән тәреплери бар болып, әҳмийетли тарихый ўақыялар себепли айрым мәмлекетлерде пуқаралығын жоғалтқан шахсларға қолланылған.

Дәслеп Өзбекстан Республикасы пуқаралығында болған шахс оның

[18] "Ўзбекистои Республикасининг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №9.- 17 м.

илтимаснамасына муўапық Өзбекстан Республикасы пуқаралығына тиклениўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы пуқаралығын тиклеў ҳаққындағы арза бойынша ҳүжжетлерди расмийлестириў ҳәм көрип шығыў тәртиби менен Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққындағы арзаларды көрип шығыў ушын белгиленген тәртипте әмелге асырылады. Арзада Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтыў себеплери көрсетиледи.

Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясына усынады. Комиссия усынылған ҳүжжетлерди көрип шығады ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентине қарар қабыл етиў ушын усыныс киритеди.[19]

Өзбекстан Республикасының "Пуқаралық ҳаққында"ғы нызамның 18-статьясында пуқаралықты тиклеў усы нызамның талапларына байланыслы әмелге асырылыўы келтирилген.

Пуқаралықты ийелеўде қосымша жағдайлары да болыўы мүмкин, олар гейде өзгеше пуқаралықты алыў бағдары деп аталады. Көбинесе натурализацияны жеңиллестиретуғын түрлери яки жағдайлары да бар болыўы мүмкин. Мәселен, пуқаралық неке дүзиў жолы менен алыныўы мүмкин. Бул мәселе бир қатар мәмлекетлерде сол мәмлекеттиң пуқарасы менен некеден өткен шахстың рәсмий нызам бойынша өмирлик жолдасының пуқаралығын қабыл етиў мүмкин екенлигин билдиреди. Көпшилик мәмлекетлерде пуқаралыққа қабыл етиўдиң усылларынан бири перзентликке алыў арқалы пуқаралықты алыўы мүмкин. Бир қатар мәмлекетлердиң нызамшылығына тийкарынан перзентликке алынған балалар перзентликке алған ата-аналарының пуқаралығын қабыл етиледи. Бул пуқаралықты қабыл етиўдиң ғәрезсиз жолы деп есапланса да болады, лекин бизиң пикиримизше бул натурализацияның бир тури есапланады.[20]

---

[19] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 20 ноябрь 1992 йилдаги ПФ-500 сон билан тасдиқланган «Ўзбекистон Республикаси фуқаролиги билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низоми

[20] Саидов А.Х. Ўзбекистон Республикаси Коституциявий ҳуқуқи (Дарслик).- Тошкент, 2005-120 б

## 2.2 ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПУҚАРАЛЫҒЫНАН ШЫҒЫЎ ҲӘМ ОНЫ ЖОҒАЛТЫЎДЫҢ ҲУҚЫҚЫЙ ТИЙКАР ҲӘМ ТӘРТИПЛЕРИ

Өзбекстан Республикасының "Пуқаралығы ҳаққында»ғы нызамда пуқаралықтың тоқталыўы; пуқаралықтың тамам болыўы, пуқаралықты жоғалтыў, пуқаралиқтан шығыў ҳәм пуқаралиқтан айырыў деп белгиленген.

*Өзбекстан Республикасының пуқаралығы төмендеги жағдайларда тоқтатылады;*

- Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыў нәтийжесинде;
- Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтыў ақыбетинде;
- Өзбекисгон Республикасының халықаралық шәртнамаларында нәзерде тутылған тийкарларға байланыслы;
- Пуқаралық ҳаққындағы нызамда нәзерде тутылған басқа тийкарларға байланыслы.[21]

Пуқаралықтың тоқтатылыўы шахстың өз ерки менен «пуқаралиқтан ўаз кешиў» пуқаралықтан шығыў деп аталады. Пуқаралықтан ўаз кешиў әдетте мәмлекеттеги экономикалық машқалалардың жүз бериўи әсиресе сиясий яки шаңарақ (шет ел пуқарасы менен некедан өткенде) себеплерге муўапық жүз бериўи мүмкин. Ўаз кешиў пуқараның тийисли пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы мәмлекет мекемелерине тапсырылатуғын арзасы менен әмелге асырылады. Лекин пуқаралықтан шығыў бас тартылыўы да мүмкин.

*Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасайтуғын шахсларды пуқаралықтан шығарыў тәртиби*

Өзбекстан Республикасы яки Қарақалпақстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы Өзбекстан Республикасы пуқарасы Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳаққындағы арзасын Өзбекстан Республикасы Президенти атына жазады ҳәм оны жасаў орны бойынша ишки ислер органларына усынады.

Арзаға төмендегилер қосымша қылынады:

- арза-сораўнама 2 нусқада;
- өмир баяны 2 нусқада;
- 3 фотосүўрет;
- жасаў орнынан белгиленген формадағы мағлыўматнама 2 нусқада;
- жумыс яки оқыў орнынан мағлыўматнама, жумыс ислемейтуғын болса тек ғана жасаў орнынан, онда бул шахстың мәмлекет алдында яки пуқаралар, мәмлекет,

[21] "Ўзбекистои Республикасининг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №9.- 19 м.

кооператив яки басқа жәмәәт шөлкемлериниң мәплери менен байланыслы орынланбаған мүлкий миннетлемелер бар екенлиги ҳаққында хабар көрсетилген район ҳәкимият тәрепинен тастыйықланған 2 нусқадағы мағлыўматнама;

- әскерий хызмет жасындағы шахстың Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызамшылығына байланыслы ҳақыйқый әскерий комиссарияттан мағлыўматнама;
- мәмлекет бажы төленгенлиги яки оны төлеўден азат етилгенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжет.

18 жасқа толмаған шахстың Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳаққындағы арзасы, оның туўылғанлығы ҳаққындағы гуўалықның нусхасы менен бирге шахстың ата-анасы яки басқа нызамлы ўәкиллери тәрепинен усынылады. 14 жастан 18 жасқа шекем болған ер жетпеген ата-аналары яки нызамлы ўәкиллери арзаларына, олардың нотариал тәризде тастыйықланған жазба разылықларын да тапсырыўы шәрт.

Зәрүрли жағдайларда неке бийкар етилгенлиги, ата-аналардан бири қайтыс болғаны, асырап алынған, ата-анасын хуқықтан айрылғаны, алимент төлегени ҳаққындағы ҳүжжетлердиң нусхалары да усынылады.

Егер ата-ананың екеўи де Өзбекстан Республикасы пуқарасы болса, олардан бири Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығып атыған болса ҳәм өзи менен ер жетпеген перзентин пуқаралықтан шығарыў ҳаққында илтимаснама киритсе, бундай жағдайда арзаға қосып өмирлик жолдасының перзенти Өзбекстан Республикасынан шығыўына қатнасы(пикири) билдирилген нотариал тәризде тастыйықланған жазба арзасы да усыныўы керек.

*Шет ел аймағында турақлы жасайтуғын шахсларды пуқаралықтан шығарыў тәртиби:*

Сырт елде турақлы жасайтуғын Өзбекстан Республикасы пуқарасы Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳаққындағы арзасы менен Өзбекстан Республикасы Президенти атына шағым етеди. Бунда илтимаснама келтирип атырған шахстың арзасы ҳәм талап етилетуғын ҳүжжетлер дизими талапларға муўапық болыўы шәрт, ден-саўлығы ҳаққындағы мағлыўматнамадан басқа.[22]

Егер Өзбекстан Республикасы пуқарасының сырт ел мәмлекети армиясы, сырт ел мәмлекети миллий қәўипсизлик хызмети, сондай-ақ полициясы, әдиллик органлары ҳәм басқа мәмлекет ҳәкимият ҳәм басқарыў органларына хызмет етиўге киргенин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер яки исенимли хабар бар болса.

Консуллық мекемелери ҳүжжетлерди СИМне жоллайды, ол өз гезегинде ИИМ ҳәм

---

[22] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 20 ноябръ 1992 йилдаги ПФ-500 сон билан тасдиқланган «Ўзбекистон Республикаси фуқаролиги билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низом II-бўлим (б), 1-банди

МҚХнен жуўмақлар алған ҳалда өз жуўмағы менен бирге ҳүжжетлерди Өзбекстан Республикасы  Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясына жибереди. Комиссия Өзбекстан Республикасы  Президенти тәрепинен қарар қабыл етилиўи ушын усыныслар киритеди.

Егер сырт елде турақлы жасайтуғын шахс кеширимли себепларсиз 5 жыл даўамында консуллық мекемелеринде есапта турмаса, бундай жағдайда консуллык мекемелери ҳүжжетлерди сыртқы ислер министрлигине жибереди. СИМ өзиниң жуўмағы менен бирге ҳүжжетлерди Өзбекстан Республикасы  Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясына жибереди, Комиссия усынылған ҳүжжетлерди көрип шығады ҳәм Өзбекстан Республикасы  Президентине қарар қабыл етиў ушын усыныс киритеди.

5 жыллық мүддет ҳаққындағы қағыйдалар 16 жасқа толмаған шахсларга енгизилмейди. Жағдайдан келип шыққан ҳалда консуллық мекеме баслығы Өзбекстан Республикасы  тийисли мүддетте консуллық есапта турмағанын себеп етип көрсеткен себеплер ҳақыйқаттанда кеширимли екенлигин ғәрезсиз бахалайды.

Өзбекстан Республикасы  пуқаралығын жоғалтыў ҳаққындағы мәселе тек ғана шахсқа оның Өзбекстан Республикасы  пуқаралығын жоғалтыўына алып келген себеп ҳәм жағдайлар мәлим етилгенлигинен соң көрип шығылыўы мүмкин. Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқанлық Өзбекстан Республикасы  Президенти пәрманы шыққан күннен есапланады.

Өзбекстан Республикасы  пуқаралығын тиклеў ҳаққындағы арза бойынша ҳүжжетлерди рәсмийлестириў ҳәм көрип шығыў тәртиби менен Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққындағы арзаларды көрип шығыў ушын белгиленген тәртипте әмелге асырылады. Арзада Өзбекстан Республикасы  пуқаралығын жоғалтыў себеплери көрсетиледи. Өзбекстан Республикасы  Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясына усынады. Комиссия усынылған ҳүжжетлерди көрип шығады ҳәм Өзбекстан Республикасы  Президентине қарар қабыл етиў ушын усыныс киритеди.

*Биринишиден,* пуқаралықты тоқтатыў шахстың өз ерки менен «пуқаралықтан ўаз кешиў» пуқаралықтан шығыў деп аталады. Пуқаралықтан ўаз кешиў әдетте гей бир сиясий яки шаңарақ себеплерине муўапық жүз бериўи мүмкин. Ўаз кешиў ушын пуқараның тийисли уйымларға тапсырылатуғын арзасы менен әмелге асырылады. Өзбекстан Республикасында белгиленген тәртипте шахстың илтимаснамасына муўапық Өзбекстан Республикасы  пуқаралығынан шығыўға рухсат етиледи. Егер Өзбекстан Республикасы  пуқаралығынан шығыўды илтимас етиўши шахс мәмлекет алдындағы миннетлемелерин яки пуқаралардың ямаса мәмлекеттиң әҳмийетли мәплери менен

байланыслы мүлкий миннетлемелерин орынламаған болса, оның Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыўы бас тартылыўы мүмкин. Егер Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыўды илтимас етиўши шахс айыпланыўшы сыпатында жынайый жуўапкершиликке тартылған ямаса оған қарата нызамлы күшке кирген ҳәм орынланыўы зәрүр болған суд ҳүкими болса яки шахстың Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыўы Өзбекстан Республикасы мәмлекет қәўипсизлиги мәплерине қәрсы болса, оның Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыўына жол қойылмайды.[23]

*Екиншиден,* пуқаралықтан айырыў бул тийкарынан мәмлекет сиясаты менен пуқараның сиясий санасы ҳәм оның нызамсыз ҳәрекетлери себепли жүз бериўи мүмкин. Буннан тысқары, әпиўайы пуқараны қандай нызамсыз ҳәрекет қылыўына қарамастан ҳеш ким оны пуқаралықтан айыра алмайды.

*Үшиншиден,* пуқаралықты жоғалтыў, жеке себеплер пуқараның басқа мәмлекет пуқарасы менен некеден өткенде жүз береди. Айрым мәмлекетлерде шет елликлер менен шаңарақ қурыўға рухсат берилмейди бул кемнен-кем ушырайтуғын жағдай, көпшилик мәмлекетлердиң нызамшылығында пуқараларының шаңарақлық жағдайын өзгертиў қадаған етилмеген.

Пуқаралықты жоғалтыў – көп ушырайтуғын жағдай болып, шахс өзи тийисли болған мәмлекеттиң әмелдеги нызамларында анық нәзерде тутылған талапларға бойсынбағанда ҳәм бундай жағдай анықланғанда жүз бериўи мүмкин. Айырым мәмлекетлерде шахс өзге мәмлекеттиң, әскерий хызметине кирсе пуқаралықты жоғалтады. Пуқаралықты тоқтатылыўы айрым жағдайларда пуқаралықтан айрылыў деп те аталады. Пуқаралықтан айырыў көп жағдайларда шахстың анық қылған жынаяты яки нызамбузыўшылығы ушын мәмлекет тәрепинен берилетуғын ҳуқықый жазаси есапланады. Яғный мәмлекеттиң нызамларына қарсы исленген нызамсыз ҳәрекетлерине берилген жаза усылы есапланады.

Тарийхый мәмлекетшилик дереклеринен бизге белгили, пуқаралық статусының тек ғана нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлеринде белгилеп қойылыўының өзи мәселени шешпейди. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, мәмлекет тәрепинен қабыл етилген нызам ҳүжжетлериниң әмел етиў механизмин жаратыў, жәмийетте ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў ҳәмде өз пуқаралары менен өз-ара исенимли ҳуқықый қатнасықлардың пайда болыўына тийкар жаратыўлы талап етеди. Соның ушын жәмийет ағзалары нызам үстинлигине сөзсиз әмел етиў, өзгелер мәплерине ҳүрмет пенен қараў ҳәмде мәмлекет алдындағы миннетлерин ҳеш қандай қарсылықларсыз

---

[23] "Ўзбекистои Республикасининг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №7.- 20 м.

орынлаў сыяқлы терең көникпелерге ийе болыў лазым. Өзбекстан Республикасы өзиниң миллий мәмлекет ҳәм ҳәкимшилик-аймақлық дүзилисин, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў органларының системасын, пуқаралығының ҳуқықый жағдайын белгилейди, ишки ҳәм сыртқы сиясатын әмелге асырады. Өзбекстанда мәмлекет ғәрезсизлигин әмелде көрсететуғын шөлкемлесиўшилик мәмлекет дүзилмелерин шөлкемлестириў даўам етпекте. Мәмлекет басқарыўының жаңа ҳәм заманагөй системасы қәлиплесиўи жоқарыдағы механизмниң турақлы түрде раўажланыўына тәсир етпей қоймайды.

## III БАП. ОРАЙЛЫҚ АЗИЯ МӘМЛЕКЕТЛЕРИНДЕ ПУҚАРАЛЫҚҚА ТИЙИСЛИ НЫЗАМШЫЛЫҚ ҲӘМ ШӨЛКЕМЛЕСИЎШИЛИК ДҮЗИЛМЕЛЕР

### 3.1 ОРАЙЛЫҚ АЗИЯ МӘМЛЕКЕТЛЕРИНДЕ ПУҚАРАЛЫҚҚА ТИЙИСЛИ НЫЗАМШЫЛЫҚ (ТӘЖИКСТАН ҲӘМ ҚАЗАҚСТАН)

Орайлық Азия халықлары әзелден бир миллет астында қәлиплескен халықлардан қуралған болып буннан бир неше әсирлер бурын Туркистан деп аталған журттың сиясий ҳәм этникалық дөретпеси есапланған. Усы бир пүтин территория Патша Россиясы дәўирине келип орайдағы айрым басшылардың көрсетпе ҳәм пикирлерине байланыслы бирден бир ҳәкимшилик аймақта бирлескен әмирлик ҳәм ханлықларды мәмлекет шегараларын бөлип таслаў арқалы әмелге асырылған. 1924 жылда Ленин ҳәм оның ҳәкимияты басқарыўындағы ўәкиллери тәрепинен Орайлық Азияда ҳәкимшилик аймақлық бөлиниў ҳәм жер-суў реформасы әмелге асырылады. Бул реформа себепли Туркистан деп аталған улыўма үй айрықша орайға бойсыныўшы “ғәрезсиз” ханларга бөлип тасланады.

Соны айрықша айтып өтиў керек, сол ўақытқа келип бул территорияларда жеке пуқаралық яки айрықша пуқаралық деген ҳуқықый түсиник болмаған еди. Пуқаралық түсиниги мазмуны Бурынғы СССР дәўирине келип ҳуқық тараўындағы ғәрезсиз институт сыпатында раўажланады ҳәм сол дәўирге келип пуқаралықты тастыйықлаўшы ҳүжжет туўылғанлық ҳаққында гуўалық бериў, қалаберсе паспорт системасы қәлиплесе басланды.

XX әсирдиң басында дүнья сиясий картасында СССР деген мәмлекеттиң қурамында ҳәзирги күнде Орайлық Азия мәмлекетлери қатарына кириўши Қазақстан,Өзбекстан,Тәжикстан ҳәм Қызғызстан деген мәмлекетлер дүзиледи. Мәмлекетлердиң ҳәкимшилик-аймақлық шегаралары өзгергенлиги себепли ҳәр қайсы мәмлекеттиң айрықша пуқаралық институты қәлиплести. Лекин 1990 жылға қарай яғный Бурынғы СССР кризиске ушырап тарқағанша аймақтаги пуқаралық мазмуны жағынан жеке пуқаралық деп тән алынар еди. Себеби Бурынғы СССР Тийкарғы нызамларында аўқамдағы республикалар “ғәрезсиз” деп жүритилсе де, тийкарын алғанда бундай

принципке әмел етилмес еди. Соның ушын да Бурынғы СССР дәўиринде пуқаралар тәрепинен басқа бир республика пуқаралығын қабыл етиў яки оннан шығыў жағдайлары гүзетилмеген еди.

Аймақлық бир пүтинлик пуқаралықтың да бирден бирлигин тәмийинлеўши тийкар болып хызмет еткен. Буннан тысқары СССР Конституциялары да аўқамлас республиклардың тийкарғы нызамларына имплементация етилген.

***Тәжикстан***

Тәжикстан пуқаралығына ийе болыў тийкарлары ҳәмде тәртиби Тәжикстан Республикасының Конституциясы, "Пуқаралығы ҳаққында"ғы конституциялық нызамы ҳәм нызам асты ҳүжжетлери менен белгиленеди.

Тәжикстан Республикасы Конституциясының 2-бап 15-16 статьялары пуқаралыққа арналған болып, онда пуқаралардың сыртқы ҳәм ишки мәмлекет қорғаўында екенликлери тән алынған.

Тәжикстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў ҳәмаоны жоғалтыў конституциялық нызамда белгиленген тәртипте әмелге асырылады.[24]

Тәжикстан Республикасы пуқаралығына тийислилик мәселеси пуқаралықты сақлаў менен де байланыслы есапланады.

Тәжикстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў тийкарларына қарамастан конституциялық-ҳуқықый қатнасықларда теңлик, әдиллик ҳәм ықтиярийлық принциплерине тийкарланады.

Тәжикстан Республикасының 1995 жыл 4 ноябрьде қабыл етилген "Пуқаралық ҳаққында»ғы конституциялық Нызамында пуқаралық;

- нызам күшке киретуғын күннен Тәжикстан Республикасы пуқаралығында болған, басқа мәмлекетлердиң пуқаралары есапланбаған ҳәм республика пуқаралары болыўы тилегин билдирген барлық шахслар;
- республика пуқаралығына қабыл етилген шахслар;
- республикадан тысқарыда мәмлекет жолламасы менен ислеп атырған, әскерий хызметти өтеп атырған яки билим алып атырған шахслар, егер олар республика аймағында туўылған болса яки сол жерда-турақлы жасағанлығын дәлиллесе, басқа мәмлекеттиң пуқаралары балмаса ҳәмде 1 жылдан кешикпей, республика пуқарасы болыў тилегин билдирген болса Тәжикстан Республикасы пуқарасы есапланады.

***Тәжикстан Республикасы пуқаралығына төмендеги жағдайларда ерисиледи:***

1. туўылған да;

---

[24] Конституция Республики Таджикистан- Душанбе,Таджикистан.,2003.-ст.15

2. пуқаралықты дизимге алыў тәртиби тийкарында;
3. пуқаралықты тиклеў нәтийжесинде;
4. Тәжикстан Республикасы пуқаралығына қабыл етилиўи нәтийжесинде;
5. Мәмлекетке тийисли территорияның өзгериўи менен пуқаралықты таңланыўы(оптация)нәтийжесинде,[25]
6. Тәжикстан Республикасының халық аралық шәртнамаларда ҳәм Нызамда нәзерде тутылған тийкарлар бойынша әмелге асырылады.

Туўылыў бойынша Тәжикстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў мәселесиниң шешилиўи бала туўылған ўақыттан оның ата-анасы Тәжикстан Республикасы пуқарасы есапланса, бала Тәжикстан Республикасы пуқаралығына ийе болады. Пуқаралығы болмаған шахслардан, Тәжикстан аймағында туўылған балалар Тәжикстан Республикасы пуқарасы есапланады. Бунда тийкарынан 18 жас ҒМДА мәмлекетлеринде норматив талап сыпатында тән алынған. Бул бағдар барқулла шахстың анық ҳәм ҳуқықый көсетилген жасап турған мәмлекеттиң пуқарасы болып қалыў тилеги менен байланыслы мәселе есапланады.

Тәжикстан Республикасында балалардың пуқаралығы олардың ата-анасы, туўылған орны ҳәм басқа жағдайлар менен белгиленеди. Ҳәттеки бала туўылған орнына қарамастан ата-анасынан бири Тәжикстан Республикасы пуқарасы есапланса баланың пуқаралығы өзгермей қалады.

Айрым жағдайларда баланың ата-анасыдан бири Тәжикстан Республикасы пуқарасы болмаған, өз гезегинде ата-анасы сырт елде турақлы жасаў ушын шыққан болса баланың пуқаралығы ата-ананың жазба келисиўи тийкарында белгиленеди.[26]

Некеде болған ата-анадан бири Тәжикстан Республикасы пуқарасы бири пуқаралығы булмаган шахс болса туўылатуғын бала Тәжикстан Республикасы пуқарасы деп тән алынады.

Пуқаралығы болмаған шахслардың туўылған баласы Тәжикстан Республикасының пуқарасы есапланады.

Туўылыў бойынша пуқаралық өзине тән өзгешеликлерге ийе, бул пуқаралыққа өтип атырған шахстың шағымысыз пуқара болыўы яғный, баланың табийғый жағдайда пуқаралыққа өткизилиўи болып табылады. Бунда бала туўылған ўақытта оның ата-анасынан бири Тәжикстан Республикасы пуқарасы болса, екиншиси болса пуқаралығы

---

[25] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-ст.15

[26] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-част 2.ст.17

болмаған шахс болса яки оның пуқаралығы белгисиз болса, бундай балалар да республика пуқаралары есапланады.

Аталық тән алынған ҳәм ол Тәжикстан Республикасы пуқарасы деп тән алынған ўақытта анасы пуқаралығы болмаған шахстың баласы 14 жасқа толғанға шекем туўылған орнына қарамастан Тәжикстан Республикасы пуқарасы есапланады. Тәжикстан Республикасында туўылған, лекин ата-анасы белгисиз балаларға да пуқаралық статусы бериледи.[27]

Егер Тәжикстан Республикасы аймағында туўылған баланың ата-анасының пуқаралығы басқа болса, оған ата-ана пуқаралығы мәмлекети тәрепинен пуқаралық берилмеген жағдайларда ол Тәжикстан Республикасы пуқарасы есапланады.

Тәжикстан Республикасының «Пуқаралығы ҳаққында»ғы нызамы күшке кирген, яғный 1995 жыл 4 ноябрьге шекем Тәжикстан Республикасы аймағында турақлы жасап келген шахстың Тәжикстан Республикасы пуқаралығына тийислилиги, ол басқа мәмлекет пуқарасы болмаған жағдайда, оның келип шығыўы, жәмийетлик ҳәм мүлкий аҳўалы, миллий ҳәм рассалық тийислилиги, жынысы, мағлыўматы, сиясий қараслары, диний исеними, жумыс түри ҳәм өзгешеликлерине қарамастан дизимге алыў яки ийе болыў арқалы белгиленеди.

***Тәжикстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиўдиң хуқықый тәртиплери :***

- өмирлик жолдасы яки жақын туўысқаны Тәжикстан Республикасы пуқарасы болса;
- туўылған ўақытта ата-анасынан бири Тәжикстан Республикасы пуқарасы булған ҳәм 5 жыл даўамында бала 18 жасқа толғанға шекем басқа мәмлекет пуқаралары;
- Бурынғы СССР пуқаралары, Тәжикстан Республикасына турақлы жасаў ушын келген ҳәм «Пуқаралығы ҳаққында»ғы нызамы күшке кирген күннен, яғный 1995 жыл 4 ноябрьден 3 жыл даўамында пуқаралықты қабыл етиў тилегин билдирген шахслар;[28]
- пуқаралығы болмаған шахслар «Пуқаралығы ҳаққында»ғы нызамы күшке кирган күннен яғный 1 жыл даўамында, Бурынғы СССР қурамына кирген территориялерда 1991 жыл 1 сентябрь жағдайы бойынша пуқаралықты қабыл етиў тилегин билдирген шахслар;
- Шет ел пуқарасы ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар жасаў орнына қарамастан олардың жақын туўысқанларынан бири Тәжикстан Республикасы пуқарасы болса усы Нызам күшке киргеннен соң 1 жыл даўамында пуқаралықты қабыл етиў тилегин билдирген шахслар ийе болады.

---

[27] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-ст.19

[28] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-част г. ст.21

Сырт ел мәмлекет пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслардың Тәжикстан Республикасының пуқаралығына қабыл етиў тийкарлары белгиленген болып, сырт ел мәмлекет пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар рассасы, миллетинен, сиясий ҳәм басқа исенимлерине қарамастан өз илтимасларына байланыслы Тәжикстан Республикасы пуқаралығына қабыл етилиўи мүмкин. Тәжикстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиў ушын шахс 18 жасқа толған Тәжикстан Республикасы пуқарасы болмаған, қатнасық уқыплылығына ийе, жәмийетлик келип шығыўы, дини, рассасы, тили ҳәм билимине қарамастан барлық шахслар есапланады.

***Бунда төмендеги талаплар орынланыўы лазым;***

Әдетте басқа пуқаралықтан ўаз кешкен шет ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар пуқаралықты қабыл етиў ушын Тәжикстан Республикасында турақлы 5 жыл яки илтимаснама менен шағым еткенен кейин турақлы 3 жыл даўамында жасаўы керек. Жоқарыда келтирилген мүддет қашақлар ушын 2,5 жыл ҳәм 1,5 жыл етип белгиленген.[29]Оқыў яки даўаланыў мақсетинде 3 айдан артық болмаған ўақытта Тәжикстан Республикасы аймағынан тысқарыда болыў 3 жыл даўамында жасаған талаптың бузылыўына алып келмейди.

Тәжикстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиўди жеңиллестириўши жағдайлар деп:

1. Бурынғы СССР пуқаралығында болыў;
2. Тәжикстан Республикасы пуқарасы болған баланы перзентликке алыў;
3. Тәжикстан Республикасы алдында үлкен хызмет көрсеткен яки илим пән, техника ҳәм мәдeният тараўларында үлкен жетискенликлерге ерискен айрықша шахслар;
4. Республика мәплери ушын әҳмийетке ийе болған кәсип яки тәжрийбе ийелери;
5. Тәжикстан Республикасы аймағында қашқын статусын алған шахслар;
6. Тәжикстан Республикасы пуқарасы болған шахс менен некеда болған пуқаралығына қабыл етилиўи мүмкин.

Егер пуқаралықты қабыл етиў ушын илтимаснама менен шағым етип атырған шахс Тәжикстан Республикасының конституциялық дүзимин зорлық пенен өзгертиў тәрепдары болса, искерлиги Тәжикстан Республикасының Констигуциялық принциплерине сәйкес болмаған партия ҳәм басқа шөлкемлерге ағза болса, республика нызамлары менен куўдаланатуғын ҳәрекетлери ушын ҳүким етилген ҳәм азатлықтан айырыў түриндеги қамақ жазасын өтеп атырған болса, ҳәм бир ўақыттың өзинде еки (2) мәмлекет

---

[29] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-2 част ст.23

пуқаралығын мәмлекетлер арасында шәртнама болмаған жағдайларда алған болса, оның пуқаралыққа қабыл етиў ҳаққындағы илтимаснамасынан бас тартылады.

Тәжикстан Республикасы пуқаралығын тиклеў “Пуқаралығы ҳаққында”ғы конституциялық нызам тийкарында нәзердетутылып тәртипке салынады. Бунда тийкарынан бурынғы Тәжикстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқан ҳәм оннан айрылған ҳәм 5 жыл даўамында 18 жасқа толмаған перзентниң ата-анасы өзгерген шахсларға тикленеди.[30]

***Тәжикстан Республикасының пуқаралығы төмендеги жағдайларда тоқтатылады;***

- Тәжикстан Республикасы пуқаралығынан шығыў нәтийжесинде;
- Тәжикстан Республикасы пуқаралығын жоғалтыў ақыбетинде;
- Тәжикстан Республикасы пуқаралығынан айрылыў ақыбетинде;
- Тәжикстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиў қарарының бийкар етилиўи ақыбетинде;
- Тәжикстан Республикасы аймақлық жақтан шегаралары өзгергенде оптация жолы арқалы;
- Тәжикстан Республикасының халықаралық шәртнамаларында нәзерде тутылған басқа тийкарларға байланыслы;

Пуқаралықтан шығыў ҳаққында илтимаснама менен шағым етип атырған шахс мәмлекет алдындағы миннетлемелерин яки пуқаралардың ямаса мәмлекет ҳәм жәмәәтт шөлкемлериниң мәплери менен тығыз байланысқан мүлкий миннетлемелерин орынламаған жағдайда жоқарыда баян етилген жуўмаққа келиў мүмкин. Егер пуқаралықтан шығыў ҳаққында илтимасы менен шағым етип атырған шахс айыпланыўшы сыпатында жынайый жуўапкершиликке тартылған болса, оған қарата нызамлы күшке кирген ҳәм орынланыўы лазым болған суд ҳүкими бар болса яки сол шахстың республика пуқаралығынан шығыў мәмлекет қәўипсизлиги мәплерине қарсы болса, әскерий хызметти өтеў ушын тапсырма алған болса онда бундай шахстың пуқаралықтан шығыўына жол қойылмайды.

***Пуқаралықты жоғалтыў жағдайлары төмендеги тийкарларда әмелге асырылады;***

- сырт ел мәмлекетинде әскерий хызметке, қәўипсизлик хызмети органларына жумысқа кириў нәтийжесинде, полиция, әдиллик органларына яки мәмлекет ҳәкимияты яки басқарыўының басқа органларына жумысқа киргенлиги нәтийжесинде;

---

[30] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-ст.25

• егер сырт елде турақлы рәуиште жасаўшы шахс бес (5) жыл даўамында кеширимли себеплерсиз консулдың есабында турмаган болса;

• егер Тәжикстан Республикасы пуқаралығы жалғанлығы анық мағлыўматлар яки қәлбеки ҳүжжетлерди усыныў нәтийжесинде алынған болса, Тәжикстан Республикасы Президентиниң Пәрманы шыққан күннен баслап Тәжикстан Республикасының пуқаралығын жойтады. Бундай жағдайларда қәлбеки мағлыўмат ҳәм ҳүжжетлерди усынылғанлығы суд тәртибинде көрип шығылады ҳәм айыпкер орнатылған жуўапкершиликтен азат етилмейди. Пуқаралықты қабыл етиўди бийкар етиў ҳаққындағы қарар оның өмирлик жолдасы ҳәм перзентлери жоқарыдағы жағдайға байланыслы болмаса оларға енгизилмейди. Пуқаралықты қабыл етиўди бийкар етиў ҳаққындағы қарар пуқаралық қабыл етилгеннен соң 5 жыл даўамында бийкар етилиўи мүмкин.[31]

14 жасқа толмаған баланың пуқаралығы ата-ананың пуқаралығы сыяқлы өзгереди. 14-18 жасқа шекем болған перзентниң пуқаралығы олардың жазба разылығы ҳәм нотариус пенен тастыйықланған ҳалда рәсмийлестириледи. Ата-аналық хукыкынан айырылғанлардың перзентлери ата-ана пуқаралығы өзгергенде Тәжикстан Республикасы пуқарасы болып қалады.

Еки ҳәм көп тәреплеме халықаралық шарнамалардың имзаланыўы пуқаралық институтының раўажланыўына түртки болмақта. Айрықша жағдайларда жынаятшылықтың алдын алыў бойынша Өзбекстан Республикасы менен Тәжикстан Республикасы арасында “Услап бериў ҳаққында” 2000 жыл 15 июньде Душанбе қаласында шәртнама имзаланған. Оған муўапық тәреплер жынаят тараўында: жынаят қыдырыўды әмелге асырыў миннетлемеси, услап бериў процедурасы ямаса ҳүжжетлер ҳәм дәлиллерди тан алыў сыяқлы ҳәрекетлар шәртнамаға тийкарында әмелге асырылады.

Шәртнамага муўапық, ҳар бир тәреп нызамларына муўапық кеминде бир (1) жыл азатлықтан айырыў арқалы яки жәнеде аўыррақ тәризде жазаланатуғын қылмыслар услап бериўди талап ететуғын ҳуқықбузарлықлар есапланады.[32]

Тәжикстан Республикасы ҳәм Россия Федерациясы арасында “Еки пуқаралықты тәртипке салыў ҳаққындағы” 1995 жыл 7 сентябрь Москвада имзаланған ҳәм 1997 26 апрельде нызамлы күшке кирген шәртнама еки мәмлекет аймағында бирден бир пуқаралықты тастыйықлаўшы ҳүжжет, бир ўақыттың өзинде шәртнама Тәжикстан пуқаралары тек ғана Россия Федерациясына сырт ел паспортында емес ал миллий

---

[31] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-2 част.ст.30

[32] Ўзбекистон Республикаси билан Тожикистон Республикаси ўртасида “Ушлаб бериш тўғрисида” шартнома. 2 м. Душанба ш. 2000 й. 15 июнь

паспортта оның территориясына кириўи ҳәм болыўын тәмийинлеўши сыпатында хызмет етеди.

***Қазақстан***

Қазақстан пуқаралығына ийе болыў ҳәм оның тоқтатылыў тийкарлары ҳәм тәртиплери Қазақстан Республикасының Конституциясы, ”Пуқаралығы ҳаққында”ғы нызам, Ишки ислер министрлиги, Сыртқы ислер министрлиги инструкциялары ҳәм нызам асты ҳүжжетлери менен белгиленеди.

Қазақстан Республикасының Конституциясында пуқаралыққа тийисли нормалар 2-Бөлим 10-11 статьяларында нәзерде тутылған.

Қазақстан Республикасы пуқараларын сырт елде ҳәм өз аймағында қорғайды ҳәм Қазақстан пуқараларын шет елге тапсырыўға жол қоймайды.[33]

Тийкарғы нызамнан тысқары Қазақстан Республикасының 1991 жыл 12 декабрьде қабыл етилген "Пуқаралық ҳаққында»ғы Нызамда пуқаралықты көрсетиўши норматив фундаменталь ҳүжжет есапланады.

Оған муўапық Қазақстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў:

- туўылыў;
- республика пуқаралығына қабыл етилген шахслар;
- тийкарлы тәртипке ҳәм Қазақстан Республикасы менен имзаланған мәмлекетлер аралық шәртнамаға байланыслы;
- ҳәм басқа жағдайларда нызамда белгиленген тәртипте әмелге асырылады.[34]

Туўылыў ўақтында Қазақстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў мәселесиниң шешилиўи бала туўылған ўақыттан оның ата-анасы Қазақстан Республикасы пуқарасы есапланса, бала Қазақстан Республикасы пуқаралығына ийе болады. Пуқаралығы болмаған шахслардан, Қазақстан аймағында туўылған балалар Қазақстан Республикасы пуқарасы есапланады.

Қазақстан Республикасында балалардың пуқаралығы олардың ата-анасы,туўылған орны ҳәм басқа жағдайлар менен белгиленеди.

Бала туўылған жерине қарамастан ата-анасының бири Қазақстан Республикасы пуқарасы есапланса баланың пуқаралығы өзгермейди.

Айрым жағдайларда баланың ата-анасының бири Қазақстан Республикасы пуқарасы болмаған, өз гезегинде ата-анасы сырт елде турақлы жасаў ушын шыққан жағдайда баланың пуқаралығы ата-ананың жазба келисимине тийкарланып белгиленеди.

---

[33] Конституция Республики Казахстан- Алмати, Казахстан., 2007. ст.11
[34] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Верховний Совет.1991г. №.1017-XII.-ст.9

Некеде болған ата-ананың бири Қазақстан Республикасы пуқарасы биреўи пуқаралығы булмаган шахс болса туўылатуғын бала Қазақстан Республикасы пуқарасы деп тән алынады.

Пуқаралығы болмаған шахслардың туўылған баласы Қазақстан Республикасының пуқарасы деп тән алынады.

Туўылыў бойынша пуқаралық өзине тән өзгешеликлерге ийе, бул пуқаралыққа өтип атырған шахстың шағымысыз пуқара болыўы яғный, баланың тәбиийй жағдайда пуқаралыққа өткизилиўи демек. Бунда бала туўылған ўақытта оның ата-анасының бири Қазақстан Республикасы пуқарасы болса, пуқаралығы болмаған шахс болса яки оның пуқаралығы белгисиз болса, бундай балалар да республика пуқаралары есапланады.

Қазақстан Республикасы пуқарасы деп тән алынған ўақытта анасы пуқаралығы болмаған шахс қалаберсе, аталық белгиленген жағдайда бала 14 жасқа толғанға шекем туўылған орнына қарамастан Қазақстан Республикасы пуқарасы есапланады. Қазақстан Республикасында туўылған, лекин ата-анасы белгисиз балаларға да пуқаралық статусы бериледи.

Егер Қазақстан Республикасы аймағында туўылған баланың ата-анасының пуқаралығы басқа болса, оған ата-ана пуқаралығы мәмлекети тәрепинен пуқаралық берилмеген жағдайларда ол Қазақстан Республикасы пуқарасы есапланады.

***Қазақстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиўдиң хуқықый шәртлери :***

- 5 жыл даўамында Қазақстан Республикасында нызамға тийкарланып турақлы жасаған яки Қазақстан Республикасы пуқарасы менен некеде болса 3 жыл;
- туўылған ўақытта ата-анасының бири Қазақстан Республикасы пуқарасы булған ҳәм 5 жыл даўамында бала 18 жасқа толғанға шекем басқа мәмлекет пуқаралары;
- Бурынғы СССР пуқаралары, Қазақстан Республикасында турақлы жасаў мақсетинде келген ҳәм жақын туўысқанлары болған шахслар;

Дислокацияланған әскерий хазметтегилерниң пуқаралық бойынша мәселелери Қазақстан Республикасы менен дүзилген мәмлекетлер аралық шәртнамаға муўапық тәртипке салынады.[35]

Арзаға қосымша қылынады:

- Миллий паспорт яки пуқаралығы болмаған шахс гуўалықсы;
- Жеке арза;
- Анкета-арза;
- Жасаў орны ҳаққында мағлыўмат бюросынан мағлыўматнама;

[35] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Верховний Совет.1991г. №.1017-XII.-ст.16

• 4 фотосүўрет 3,5x4,5мм ;

• мәмлекет бажы төленгенлиги ҳаққындағы квитанция.[36]

***Пуқаралыққа қабыл етиўди бийкар етиў тийкарлары:***

1. Халықаралық ҳуқықта белгиленген инсаниятқа қарсы исленген жынаят, Қазақстан Республикасы ғәрезсизлигине ҳәм суверенитетине қарсы шығыў;
2. Қазақстан Республикасы территориясының бир пүтинлигин бузыў;
3. мәмлекет қәўипсизлигине ҳәм халықтың саламатлығына зыян тийгизиў;
4. мәмлекетлер, халықлараралық даўларды қозғатыў ҳәм миллий тилди жоқ етиўге қаратылған ҳәрекетлер ислеў;
5. террористликте айыпланып судланған;
6. суд тәрепинен жүдә қәўипли рецидивист деп табылған;
7. басқа мәмлекет пуқаралығында болған пуқараларға Қазақстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиўден бас тартылады.[37]

***Қазақстан Республикасының пуқаралығы төмендеги жағдайларда тоқтатылады;***

1. Қазақстан Республикасы пуқаралығынан шығыўы нәтийжесинде;
2. Қазақстан Республикасы пуқаралығын жоғалтыў ақыбетинде;

Қалаберсе, пуқаралықтан шығыў ҳаққында илтимаснама менен шағым етип атырған шахс мәмлекет алдындағы миннетлемелерин яки пуқаралардың ямаса мәмлекетлик ҳәм жәмәәт шөлкемлериниң мәплери менен тығыз байланысқан мүлкий миннетлемелерин орынламаған жағдайда жоқарыда баян етилген жуўмаққа келиў мүмкин. Егер пуқаралықтан шығыў ҳаққында илтимасы менен шағым етип атырған шахс айыпланыўшы сыпатында жынайый жуўапкершиликке тартылған болса, оған қарата нызамлы күшке кирген ҳәм орынланыўы лазым болған суд ҳүкими бар болса яки сол шахстың республика пуқаралығынан шығыўы мәмлекет қәўипсизлиги мәплерине қарсы болса, әскерий хызметти өтеў ушын тапсырма алған болса бундай жағдайда шахстың пуқаралықтан шығыўына жол қойылмайды.

***Пуқаралықтан шығыўдың арзасына қосымша:***

• Жеке арза;

• Анкета-арза 2 нусқада;

• Шет ел пуқаралығынан шыққанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет (пуқаралығы болмаған шахслардан тысқары);

---

[36]Регламент "Регистрация приема и выхода из гражданства Республики Казахстан"//2007 г. №361

[37] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Верховний Совет.1991г. №.1017-XII.-ст.17

• Өмир баяны 2 нусқада;

• нызамлы дарамат дереклери бар екенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжет (жумыс орнынан мағлыўматнама яки ис хақы, пенсия, напақа, дивидендлер ҳәм басқа дәрамат дереклери көрсетилген ҳүжжетлер);

• 3 фотосүўрет 3,5х4,5мм ;

• неке гуўалығынан нусха;

• балаларының туўылғанлық ҳаққындағы гуўалығынан нусха;

• әскерий хызметтен азат етилгенлик яки оны өтегенлик ҳаққында мағлыўматнама;

• мәмлекетлик ҳәм жәмәәт шөлкемлеринен мүлкий миннети жоқлығы ҳаққында мағлыўматнама;

• мәмлекет бажы төленгенлиги яки оны төлеўден азат етилгени ҳаққындағы квитанция.[38]

***Пуқаралықты жоғалтыў жағдайлары:***

- сырт ел мәмлекетинде әскерий хызметке, қәўипсизлик хызмети органларына жумысқа кириўи нәтийжесинде, полиция, әдиллик органларына яки мәмлекет ҳәкимияты яки басқарыўының басқа уйымларына жумысқа киргенлиги нәтийжесинде;
- егер сырт елде турақлы рәўиште жасаўшы шахс үш (3) жыл даўамында кеширимли себепларсиз консуллықтың есабында турмаған болса;
- егер Қазақстан Республикасы пуқаралығы жалғанлығы мағлыўматлар яки қәлбеки ҳүжжетлерди усыныў нәтийжесинде алынған болса, Қазақстан Республикасы Президентиниң Пәрманы шыққан күннен баслап;
- егер шахс басқа мәмлекет пуқаралығына ийе болса Қазақстан Республикасының пуқаралығын жоғалтады.39

Әсиресе ата-ананың бириниң пуқаралығы өзгериўи, баланы перзентликке алыў, қатнасық уқыплылығына ийе емес балалардың қәўендерлик етиўшиниң пуқаралығына өзгермей қалыўы сыяқлы мәселелер пуқаралық институтының ажыралмас бөлеги есапланады. 14 жасқа толмаған баланың пуқаралығы ата-ананың пуқаралығы сыяқлы өзгереди. 14-18 жасқа шекем болған перзенттиң пуқаралығы олардың жазба разылығы ҳәм нотариал тастыйықланған ҳалда рәсмийлестириледи.

---

[38] Регламент "Регистрация приема и выхода из гражданства Республики Казахстан"от 9 сентября 2007 года №361

[39] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Верховний Совет.1991г. №.1017-XII.-ст.21

## 3.2 ӨЗБЕКСТАН ҲӘМ ТӘЖИКСТАН, ҚАЗАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ПУҚАРАЛЫҚ МӘСЕЛЕЛЕРИ БОЙЫНША ЎӘКИЛЛИКЛИ ОРГАНЛАР

Өзбекстан Республикасында *пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы мәмлекетлик органлар* төмендегилерден ибарат.

1. Өзбекстан Республикасының Президенти;(Президент Канцеляриясы жанындағы Пуқаралық мәселелери Комиссия)
2. Өзбекстан Республикасының Ишки ислер министрлиги;
3. Өзбекстан Республикасының Сыртқы ислер министрлиги;
4. Өзбекстан Республикасының сырт елдеги дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелери.

Бизге белгили, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пуқаралыққа қабыл етиў ҳәм сиясий баспана бериўге тийисли мәселелерин шешиў хукыкы белгиленген болып,[40] "Пуқаралық ҳаққында»ғы нызамның 30-статьясында Өзбекстан Республикасы Президентиниң пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлери:

1) Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы шет ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахсларды Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққында;
2) Сырт елде жасап атырған сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар Өзбекстан Республикасы Президентине тийисли илтимаснама менен шағым еткен жағдайда оларды Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққында;
3) Өзбекстан Республикасы пуқаралығын тиклеў ҳаққында;
4) Өзбекстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳаққында;
5) Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтыў ҳаққында карар қабыл етиў тәртиби көрсетилген.

Пуқаралық мәселелерине тийисли арзалар Өзбекстан Республикасы Президенти атына арза бериўшилердиң турақлы жасайтуғын орнындағы ишки ислер уйымлары арқалы, сырт елде турақлы жасаўшы шахслар тәрепинен болса Өзбекстан Республикасының тийисли дипломатиялық ўәкилханалары яки консуллық мекемелери арқалы тапсырылады. Шет ел пуқарасы болған шахс өз пуқаралығын өзгертиў нийети, ол төмендегилерге әмел етиўи зәрүр есапланады: Өзбекстан Республикасы аймағында кейинги бес (5) жыл даўамында жасайтуғын орнындағ ишки ислер уйымлары арқалы Өзбекстан Республикасы Президенти атына “пуқаралыққа” қабыл етиў ҳаққында

---

[40] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси-Тошкент.,Ўзбекистон. 93-м. 22-банд

Өзбекстан Республикасы Конституциясын тан алыўы ҳәм оның талапларын орынлаўы, шет ел пуқаралығынан ўаз кешкенлиги көрсетилген арза менен шағым етеди.[41]

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлигине берилген пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлер оған бойсыныўшы уйым сырт елге шығыў, кириў ҳәм пуқаралықты рәсмийлестириў басқармасының Паспорт бөлими тәрепинен төмендеги тәртипте әмелге асырылады:

1) Өзбекстан Республикасында турақлы жасаўшы шахслардан Өзбекстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арзаларды қабыл етеди;

2) Өзбекстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арзаны тийкарлаў мақсетинде келтирилген дәлил ҳәм ҳүжжетлерди тексереди;

3) пуқаралық мәселелерине тийисли арзаны зәрүр ҳүжжетлер менен бирге Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссияға жоллайды;

4) Өзбекстан Республикасында турақлы жасаўшы шахслардың Өзбекстан Республикасы пуқаралығына тийислилигин аныклайды;

5) Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы шахслар Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқан жағдайларды белгилейди.[42]

Өзбекиотон Республикасы Ишки ислер Министрлиги ҳәм Сыртқы Ислер Министрлиги пуқаралық мәселелерине тийисли арзалар яки усыныслар бойынша өз жуўмақларын ҳәмде басқа зәрүр ҳүжжетлерди Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясы атына жибереди.

Өзбекстан Республикасының пуқаралыққа тийисли мәселелерди дәслепки тәризде көрип шығыў ушын Өзбекстан Республикасы Президенти Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясын дүзеди. Пуқаралық мәселелерине тийисли арзалар ҳәм усынысларды көрип шығыў ўақтында Комиссия арза бериўшиниң дәлиллерин, усынысының мазмунын, мәмлекетлик мекемелери ҳәм жәмәәт шөлкемлериниң Жуўмақларын, басқа ҳүжжетлерди ҳәмде тийисли тәризде рәсмийлестирилген гуўалар көрсетпелерин ҳәр тәреплеме баҳалайды. Егер, шахс Қаракалпақстан Республикасына барып жасамақшы болса, Комиссия Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң оны Өзбекстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў яки оның пуқаралығын тиклеў мақсетке муўапық яки муўапық емеслиги ҳаққындағы, соның

[41] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1992 йил 20-ноябрдаги "Ўзбекистон Республикаси фуқаролиги билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисидаги Низомни эълон қилиш тўғрисида"ги Фармон. 2-бўлим "а" банд

[42] "Ўзбекистои Республикасининг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни. //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №7.- 31 м.

ишинде республикада оған жумыс, турақ-жай ҳәм басқа қолайлықлар бериў имканияты бар-жоқлығы ҳаққындағы пикирин итибарға алады. Комиссия өз ихтияриндағы жумыс бойынша материаллар ҳәм ҳүжжетлерди тийисли мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмәәт шөлкемлеринен талап етип алыўға ҳақылы. Бул мәмлекетлик мекемелери ҳәм жәмәәт шөлкемлери болса комиссия белгиленген мүддетте зәрүр мағлыўматты усыныс етеди. Комиссия ҳәр бир арза яки усыныс бойынша Өзбекстан Республикасы Президентине усыныслар киритеди. Комиссияның қарары баяннама менен рәсмийлестириледи, оны комиссияның мажлисинде қатнасқан барлық ағзалары имзалайды.

Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссия мәмлекетлик мекемелери, жәмәәтлик-сиясий шөлкемлер ўәкиллеринен ибарат қурамда 5 жыл мүддетке сайланады ҳәм комиссия жәмәәтшилик тийкарында жумыс алып барады. Комиссия ағзаларына олардың миннетлемелерин орынлаў менен байланыслы қарежетлер төленеди. Комиссия жыйналыс хүжжелер таяр болғанда шақырылады. Комиссия жйыналысын Комиссия баслығы яки оның тапсырмасына байланыслы орынбасары алып барады.

Комиссия қарарлары оның ағзаларының 3/2 си бар болған ҳалда күшке ийе болады. Комиссия қарарлары ағзалардың көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. Егер даўыслар тең болса, бундай жағдайда қабыл етиў кешиктириледи.

Комиссия үйренип шығылған ҳүжжетлер тийкарында Өзбекстан Республикасы Президентине қарар қабыл етиў ушын усыныслар киритеди. Комиссия усыныслары көрип шығыў нәтийжелери бойынша Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманы қабыл етиледи.

Ҳүжжетлерди барқулла органда көрип шығыў мүддети 1 айдан асып кетпеслиги, улыўма мүддети болса пуқаралық мәселеси бойынша жумыс алып барыў басланған сәнеден 1 жылдан асып кетпеслиги шәрт.

Өзбекстан Республикасы ИИМ ҳәм СИМ жылда 2 мартта Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы пуқаралық мәселелери бойынша Комиссиясына Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманлары орынланыўы бойынша есабат береди.

Пуқаралық мәселелери бойынша Өзбекстан Республикасының Президенти Пәрманлар шығарады. Егер Пәрманда басқа мүддет белгиленген балмаса, пуқаралықтағы өзгерислер Өзбекстан Республикасы Президенгиниң Пәрманы шығарылған күннен басланады. Паспортлар ҳәм жасаў ушын гуўалықлар бериў тәртиби нызамда белгиленген тәртипте Өзбекстан Республикасы пуқаралығын алған шахсларға Өзбекстан Республикасының ишки ислер органлары яки дипаломатиялық ўәкилханалары ямаса консуллық мекемелери тәрепинен Өзбекстан Решубликасының пуқарасы паспорты

тапсырылады. Пуқаралық мәселесине тийисли қайта арза, қағыйда бойынша, сол мәселеге тийисли дәслепки қарардан кейин бир жыл өткеннен кейин көрип шығылады.

Жумыс ушын әҳмийетли болған ҳәмде арза бериўшиге белгили болмаған ҳәм белгили болыўы мүмкин, болмаған жағдайлар жүзеге келген жағдайда қайта арза алдынрақ та көрип шығылыўы мүмкин. Пуқаралық мәселелерине тийисли арзаларды қабыл етиўден тийкарсыз бас тартқанлығы, арзаны көрип шығыў мүддетлери бузылғанлығы, сондай-ақ лаўазымлы шахслардың пуқаралық ҳаққындағы ислерди көрип шығыў тәртибин ҳәм пуқаралық мәселелерине тийисли карарларын орынлаў тәртибин бузатуғын басқа нызамсыз ҳәрекетлери бойынша олар бойсынатуғын жоқары лаўазымлы шахсқ яки судқа нызамда белгиленген тәртипте шикаят етилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасында жасап турған лекин Өзбекстан Республикасының пуқаралығы тоқтатылған, басқа мәмлекет пуқарасы болмаған шахсларға ХЧК ҳәм ФР басқармасы ҳәм оның төменги турыўшы  мекемелер тәрепинен пуқаралығы болмаған шахсларға мөлшерленеген жасаў ушын гуўалық бериледи.

Өзбекстан Республикасы  Сыртқы ислер министрлиги оның сырт елдеги дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелери Өзбекстан Республикасының "Консуллық Уставы ҳаққында»ғы 1996 жыл 29 августта қабыл етилген нызамына муўапық, Консул Өзбекстан Республикасы  пуқаралығында болған ҳәм Өзбекстан Республикасынан тысқарыда жасап атырған баланың перзентликке алыныўын рәсмийлестириў хукыкыне ийе; егер перзентликке алыўшы Өзбеқстан Реснубликасы пуқарасы балмаса, перзентликке алыў ушын Өзбекстан Республикасындағы болған ўәкилликли органның разылығын алыў зәрүр; ата-анасының кәўендерлигинен айрылған Өзбекстан Республикасының ер жетпеген пуқаралары үстинен консул өз консуллық округинде ғамхорлық ҳәм қәўендерлик орнатылыўының иләжларын көреди. 14 жастан 18 жасқа шекем болған балаларды Өзбекстан Республикасы  пуқаралығына алыў, Өзбекстан Республикасы  пуқаралығына тиклеў ҳәм оннан шығарыў ҳаққында арза тапсырыў барысында олардың разылығы болыўы шәрт.[43]

Бундай арза нотариус тәрепинен, сырт елде болса Өзбекстан Республикасы дипломатиялық ўәкилханасы яки консуллық мекемеси тәрепинен тастыйықланған болыўы шәрт.

Сырт елде турақлы жасайтуғын шахс тәрепинен болса Өзбекстан Республикасының тийисли дипломатиялық ўәкилханасы яки консуллық мекемесине бериледи. Өзбекстан

---

[43] Ўзбекистон Республикаси Президентининг ПФ-500 сонли фармони билан тасдиқланган, «Ўзбекистон Республикасининг фуқаролигини билан боғлиқ масалаларни кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низоми. «а» банди, 2 қисм

Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң, дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелериниң пуқаралық мәселелерине байланыслы ўәкилликлери төмендегилерден ибарат:

1) шет еллерде турақлы жасап турған шахслардан Өзбекстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арзаларды қабыл етеди;

2) Өзбекстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине байланыслы арзаны тийкарлаў мақсетида келтирилген дәлил ҳәм ҳүжжетлерди тексереди;

3) пуқаралық мәселелерине тийисли арзаларды зәрүр ҳүжжетлер менен бирге Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша комиссияға жоллайды;

4) сырт елде турақлы жасап турған шахслардың Өзбекстан Ресиубликасы пуқаралығына тийислилигин аныклайды;

5) сырт елде турақлы жасап турған шахслардың Өзбекстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқанлығын тастыйықлайды;

6) Өзбекстан Республикасының сырт елде турақлы жасап турған пуқараларын есапқа алады.[44]

Өзбекстан Республикасы пуқаралығына тийисликти анықлаўда шахстың Өзбекстан Ресупбликасы пуқаралығына тийислилиги менен баҳаланып атырған жағдай басланған ўақытта әмел етип турған Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлери ҳәмде Өзбекстан Республикасы дүзген халық аралық шәртнамалардың қағыйдалары қолланылады.

Сырт елде турақлы жасаўшы шахсларға қарата Өзбекстан Республикасының тийисли дипломатиялық ўәкилханалары яки консуллық мекемелери тәрепинен рәсмийлестириледи. Кеширимли себеплер болған жағдайда ишки ислер уйымлары, тийисли дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелери пуқаралық ҳаққындағы ҳүжжетлерди басқа шахслар яки почта арқалы жиберилген арзаларға муўапық рәсмийлестириледи шәрт.

Өзбексган Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арзалар берилгенде мәмлекетлик бажы төленеди, оның муғдары Өзбекстан Республикасы нызамлары менен белгиленеди. Пуқаралық мәселелерине тийисли арзаларды рәсмийлестирип атырған ишки ислер уйымлары арза ***бериўинен*** көрсетилген ҳүжжетлер ҳәм ҳүжжетлерден тысқары

---

[44] Ўзбекистои Республикаснинг “Фуқаролиги туғрисида"ги қонуни.//Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашинииг Ахборотномаси. - Т. 1992, №9. 32 м.

жумысқа тийисли басқа ҳүжжетлерди талап етиўге ҳақылы. Ҳүжжетлерди көрип шығыў мүддети жоқары турыўшы уйымларда бир айдан асып кетпеўи керек болады.[45]

***Тәжикстан***

Тәжикстан Республикасында пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы мәмлекетлик органлар

1. Тәжикстан Республикасының Президенти;(Президент жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссия)

2. Тәжикстан Республикасының Ишки ислер министрлиги;

3. Тәжикстан Республикасының Сыртқы ислер министрлиги,

4. Тәжикстан Республикасының дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелери.

Тәжикстан Республикасының Президенти пуқаралыққа қабыл етиў, шығыў, тиклеў, жоғалтыў ҳәм сиясий баспана бериўге байланыслы мәселелерди шешиў хукыкы белгиленген болып, Тәжикстан Республикасының "Пуқаралық ҳаққында»ғы Коституциялық нызамда[46] пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлери белгилеп қойылған:

1) Тәжикстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы шет ел пуқаралары, Бурынғы СССР пуқараларын ҳәм пуқаралығы болмаған шахсларды Тәжикстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққында;

2) бир ўақыттың өзинде басқа мәмлекет пуқаралығын алыўға рухсат бериў;

3) Тәжикстан Республикасы пуқаралығын тиклеў ҳаққында;[47]

4) Тәжикстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳаққында;

5) мақтаўлы пуқаралықты усыныўы ҳаққында;

6) пуқаралыққа қабыл етилген қарарды бийкар етиў ҳаққында;

7) Тәжикстан Республикасы пуқаралығын жоғалтыў ҳаққындағы карарларды қабыл етиледи.

Мақтаўлы пуқаралық тек ғана Тәжикстан Республикасы Олий Мажлиси разылығы менен айырылады. Өз гезегинде Тәжикстан Республикасы Президенти жоқарыдағы пуқаралыққа тийисли мәселелерди шамалы көрип шығылыўын тәмийинлеў ушын ўәкилликли дүзилмелер дүзеди.

---

[45] "Ўзбекистои Республикаснинг " Фуқароларнинг мурожаатлари тўғрисида"ги қонун (янги таҳрири). //Ўзбекистои Республикаси Олий Мажлисиниг Ахборотномаси. - Т. 2002 , - 18 м.

[46] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104.-ст.39

[47] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104..-1-2ч.ст.25

Сондай дүзилмелерден бири Президент жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссия болып, Комиссия пуқаралыққа тийисли ҳәр бир илтимаснама ҳәм усынысты көрип шығады. Усыныслар баянлама менен рәсмийлестириледи ҳәм комиссияның қатнасыўшы ағзалары тәрепинен имзаланады.

Илтимаснама ҳәм усынысларды көрип шығыў процессинде комиссия арза бериўшиниң шағымын, усыныстың мазмунын баҳалайды, мәмлекетлик ҳәм жәмәәт шөлкемлериниң илтимаснамаға тийисли жуўмақларын, басқа ҳүжжетлерди ҳәм гуўалық көрсетпелерин тереңирек үйренеди. Егер комиссия илтимаснама ҳүжжетлерине тийисли әҳмийетли мағлыўматлар орнатылған мүддетте талап етиўге ҳақылы.[48]

Тәжикстан Республикасы Ишки ислер министрлигине берилген пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлер оған тийисли бойсыныўшы уйымлар тәрепинен төмендеги тәртипте әмелге асырылады:

1) Тәжикстан Республикасында турақлы жасаўшы шахслардан Тәжикстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арзаларды қабыл етеди;

2) Тәжикстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арзаны тийкарлаў мақсетинде келтирилген дәлил ҳәм ҳүжжетлерди тексереди;

3) пуқаралық мәселелерине тийисли арзаны зәрүр ҳүжжетлер менен бирге Тәжикстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссияға жоллайды;

4) Тәжикстан Республикасында турақлы жасаўшы шахслардың Тәжикстан Республикасы пуқаралығына тийислилигин аныклайды;

5) Тәжикстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы шахслар Тәжикстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў ҳәм оны жоғалтыў жағдайларын тастыйықлайды.

Тәжикстан Республикасы Ишки ислер министрлиги өз гезегинде 16 жасқа толған пуқараларына турақлы дизимде турған территориялардағы Ишки ислер уйымлары тәрепинен паспорт береди. Егер 16 жасқа толмаған пуқара белгили мақсетте сырт елге шығыўы ушын, даўаланыўы яки сырт елде оқыўға киргенлиги ушын оған Тәжикстан пуқаралығын тастыйықлаўшы гуўалық бериледи.

Және соны айтып өтиў керек Тәжикстан Республикасы Ишки ислер ҳәм Сыртқы ислер министрлиги тәрепинен пуқараларға шет елге шығыўы ушын сырт ел паспорты бериледи. Сырт ел паспортты алыў ушын Тәжикстан Республикасы пуқарасы болыўы шәрт.

Сырт ел паспортын алыў ушын төмендегилер усынылады:

---

[48] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104..-ст.40

● арза

● фотосүўрет

● 1 мәрте алыўшылар пуқаралық паспорты

● 16 жасқа толмаған болса ата-анасының нотариал разылығы

● мәмлекетлик бажын төлегенлик ҳаққында квитанция

Сырт ел паспортын алыўға арза бериўши шет елге қандай мақсетте шығыўына қарамастан 15 күн даўамында көрип шығылады.[49]

Сырт ел паспорты Тәжикстан пуқараларына берилген күннен баслап 5 жыл даўамында ҳәрекетте болады. Егер сырт ел паспортын жоғалтып алса сырт ел паспорты алынған орынлардағы Ишки ислер уйымларына ямаса Сыртқы ислер министрлигине шағым етиледи.

2005 жыл 1 январъдан берли Тәжикстан пуқаралары ҒМДА мәмлекетлеринде сырт ел паспорты менен ҳәрекет етеди.

Тек ғана Россия Федерациясы аймағында Тәжикстан пуқаралары миллий паспортында ҳәм визасыз болыўлары ямаса шығыў-кириўлери еки тәреплеме шәртнамада белгиленген.

Тәжикстан Республикасы Ишки ислер министрлиги орынлардағы паспорт қадағалаўын, шет ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахсларды турақлы ҳәм ўақтыншалық дизимнен өткизиўди тәмийинлейди.

Сырт елде турақлы жасайтуғын пуқара тәрепинен болса Тәжикстан Республикасының тийисли дипломатиялық ўәкилханасы яки консуллық мекемесине бериледи. Тәжикстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң, дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелериниң пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлери төмендегилерден ибарат:

1) шет еллерде турақлы жасап турған шахслардан Тәжикстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арза ҳәм илтимаснамаларды қабыл етеди;

2) Тәжикстан Республикасы пуқаралық мәселелерине тийисли арза ҳәм илтимасанаманы тийкарлаў мақсетинда келтирилген дәлил ҳәм ҳүжжетлерди тексереди;

3) пуқаралық мәселелерине тийисли илтимаснамаларды зәрүр ҳүжжетлер менен бирге Тәжикстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша комиссияға жоллайды;

4) сырт елде турақлы жасап турған шахслардың Тәжикстан Ресиубликасы пуқаралығына тийислилигин аныклайды;

---

[49].“Положение о заграничных паспортах граждан Республики Таджикистан“,Правительства Республики Таджикистан от 1 февраля 1999 г.

5) сырт елде турақлы жасап турған шахслардың Тәжикстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқанлығын белгилейди;

6) Тәжикстан Республикасының сырт елде турақлы жасап турған пуқараларын есапқа алады.

Тәжикстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң, дипломатиялық ўәкилханалары ҳәм консуллық мекемелериниң пуқаралық мәселелерине тийисли сырт елдеги қатнасықларди тәртипке салып турыўшы ўәкилликли мәмлекетлик дүзилмеси сыпатында сырт елдеги пуқаралардың шағымларын Тәжикстан аймағыннан тысқарыда тәртипке салады. Егер Тәжикстан Республикасының сырт елдеги пуқарасы пуқаралық мәселеси менен шағым етиўши дипломатиялық корпус яки консуллық мекемеси бар булмаса ондай жағдайда оған тийисли болған ҳүжжетлер почта арқалы Тәжикстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигине жибериледи.

Тәжикстан Республикасында пуқаралыққа тийисли шағымлар яғный илтимаснама 6 айдан, арзаны болса көрип шығыў мүддети 9 айдан асып кетпеслиги керек.[50]

Тәжикстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў яки оннан шығыў пәрманда анық мүддет көрсетилмеген болмаса, пәрман жәрия етилген күннен күшке киреди.

Пуқаралық мәселелери бойынша қабыл етилген қарар ҳәм пәрманларды қадағалаў Тәжикстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша комиссия ҳәм ўәкилликли төмен турыўшы органлар тәрепинен әмелге асырылады.

Ўәкилликли органның пуқаралыққа ийе болыў яки оннан шығыў ҳаққындағы қарары үстинен шағым судқа 1 айлық мүддетте бериледи.

***Қазақстан***

Қазақстан Республикасында пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы шөлкемлестириўши дүзилмелер

1. Қазақстан Республикасының Президенти; (Президент жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссия)

2. Қазақстан Республикасының Ишки ислер министрлиги;

3. Қазақстан Республикасының Сыртқы Ислер министрлиги;

4. Қазақстан Республикасының сырт елдеги мекемелери

Қазақстан Республикасының Президенти пуқаралыққа қабыл етиў, шығыў, тиклеў ҳәм жоғалтыўға тийисли мәселелерди шешиў хукыкы белгиленген болып,Қазақстан

[50] Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан"//Мажлиси Оли.1995г. №104..-ст.47.

Республикасының "Пуқаралығы ҳаққында»ғы нызамда пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлери белгилеп қойылған:[51]

1) Қазақстан Республикасы пуқаралығына қабыл етиў ҳаққында;

2) Қазақстан Республикасы пуқаралығын тиклеў ҳаққында;

3) Қазақстан Республикасы пуқаралығынан шығыў ҳаққында;

Қазақстан Республикасы Президенти пуқаралық мәселелерин турақлы көрип шығыў мақсетинде өзиниң жанында ўәкилликли дүзилме шөлкемлестиреди ҳәм мәмлекетлик уйымларына ўәкиллик береди.

2006 жыл 10-октябрь күни “Президент жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссия” ҳаққында Пәрман шықты. Оған муўапық Президент жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссияның Регламентине қосымшалар қосылды, комиссияның қурамлы ағзаларына тийисли өзгерислер киритилди. Әсиресе жергиликли аймақлардағы сиясий қашқынларға жергиликли бюджет есабынан оларды қаржы менен тәмийинлеў сыяқлы ўазыйпалар жүклетиледи.

Қазақстан Республикасы Президент жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша Комиссия болып, Комиссия пуқаралыққа тийисли ҳәр бир арза ҳәм усынысларды көрип шығады. Усыныслар баянлама менен рәсмийлестириледи ҳәм комиссияның қатнасыўшы ағзалары тәрепинен әпиўайы көпшиликтиң даўысы менен қабыл етиледи.

Арза ҳәм усынысларды көрип шығыў процессинде комиссия арза бериўшиниң шағымын, усыныстың мазмунын баҳалайды, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлериниң арзасына тийисли жуўмақларын, басқа ҳүжжетлерди ҳәм гууалық көрсетпелерин үйренеди.

Қазақстан Республикасы Ишки ислер министрлигине берилген пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлер Миграция полициясы тәрепинен төмендеги тәртипте әмелге асырылады:

1) Қазақстан Республикасында турақлы жасаўшы шахслардан Қазақстан Республикасы пуқаралық мәселелерине тийисли арзаларды қабыл етеди ҳәм Президентке жоллайды;

2) Қазақстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы шахслар Қазақстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў ҳәм оны жоғалтыў жағдайларды мәмлекетлер аралық шәртанамаларға байланыслы белгилейди.

---

[51] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Парламент.1991г. №.1017-XII.-ст.29

3) Қазақстан Республикасында турақлы жасаўшы шахслардың пуқаралықты жоғалтыў жағдайларын белгилейди.[52]

Қазақстан Республикасында турақлы жасаўшы Ишки ислер министрлиги орынлардағы паспорт қадағалаўын, шет ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахсларды турақлы ҳәм ўақтынша дизимнен өткизиўди тәртипке салады.

Сырт елде турақлы жасайтуғын пуқара тәрепинен болса Қазақстан Республикасының тийисли сырт ел мекемесине бериледи. Қазақстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң, сырт ел мекемелериниң пуқаралық мәселелерине тийисли ўәкилликлери төмендегилерден ибарат:

1) шет еллерде турақлы жасап турған шахслардан Қазақстан Республикасы пуқаралығы мәселелерине тийисли арза ҳәм усынысларды қабыл етеди;

2) Қазақстан Республикасы пуқаралық мәселелерине тийисли арза ҳәм усынысын тийкарлаў мақсетинде келтирилген дәлил ҳәм ҳүжжетлерди тексереди;

3) пуқаралық мәселелерине тийисли усынысларды зәрүр ҳүжжетлер менен бирге Қазақстан Республикасы Президенти жанындағы Пуқаралық мәселелери бойынша комиссияға жоллайды;

4) сырт елде турақлы жасап турған шахслардың Қазақстан Республикасы пуқаралығына тийислилигин аныклайды;

5) сырт елде турақлы жасап турған шахслардың Қазақстан Республикасы пуқаралығын жоғалтқанлығын белгилейди;

6) Қазақстан Республикасының сырт елде турақлы жасап турған пуқараларын есапқа алады.

Қазақстан Республикасында пуқаралыққа тийисли шағымлар арза ҳәм усынысларды көрип шығыў мүддети 6 айдан асып кетпеслиги керек.[53] Арза ҳәм усыныслар жазба формада болыўы шәрт. 14 ҳәм 18 жасқа шекем болған шахслардың нотариал разылығы талап етиледи. Арза ҳәм усынысларды өзи жаза алмайтуғын шахсларға ҳүжжетлерди қабыл етиўши мәмлекетлик органы яки оның еркине муўапық басқа адам әмелге асырыўы мүмкин. Жоқарыдағы ҳәрекетлер нотариус тәрепинен рәсмийлестириў талап етиледи ҳәм шахстың өзи тәрепинен бул ҳәрекетлерди орынлаў алмаслығы жазып қойылады.

Қазақстан Республикасы пуқаралығына ийе болыў яки оннан шығыў пәрманда анық мүддет көрсетилмеген болмаса, пәрман жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

---

[52] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Парламент.1991г. №.1017-XII.-ст.30

[53] Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан"// Парламент.1991г. №.1017-XII.-ст.33

Егер пуқаралыққа ийе болыў, тиклеў яки шығыў ҳаққында бас тартқан жуўап шықса, усы пәрманның шыққан күнинен 1 жылдан соң  қайта шағым етиледи. Тек ғана жоқарыдағы 1 жыл мүддет алдынғы жумыс ҳүжжетлери ушын арза бериўшиге белгисиз себеплерге муўапық белгили болмаған ҳәм айрым жетиспейтуғн ҳүжжетлердиң жоқлығы себепли алдынырақ көрип шығылыўы мүмкин.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Пуқаралық жағдайы, шахстың жәмийетте тутқан орны, статусы, ҳуқық ҳәм еркинликлерин белгилениўи менен анықланады.

Демек, пуқаралық инсанның ең әҳмийетли болған ҳуқықларынан бири болып, шахстың ҳар қандай мәмлекеттиң ишинде ҳәм халықаралық қатнасықларда ҳуқықый жағдайының тийкары есапланады. Өзбекстан Республикасында пуқаралық мәселелери менен шуғылланыўшы мәмлекетлик органлар искерлигин ҳәм олардың жумыс алып барыў ҳүжжетлерин үйрениў ҳәзириги күнниң талапларынан бири есапланады. Тек ғана шасхтың пуқаралық статусында мәмлекет ҳәм жәмийет арасында беккем турақлы сиясий-ҳуқықый байланыс пайда болады. Бул болса мәмлекет ҳәм пуқаралар арасында өз-ара ҳуқық ҳәм миннетлемелеринен келип шығатуғын барлық шәрт-шараятлардан толық пайдаланыў имканиятларын жаратып береди.

Усы қәнигелик питириў жумысымда Орайлық Азия мәмлекетлериндеги пуқаралық институти қалаберсе, пуқаралық түсинигиниң мазмуны, институт сыпатында қәлиплесе басланыўы ҳәм оның принциплери раўажланыўының сырт ел мысалларда ашып бериўге ҳәрекет еттим.

Питкериў қәнигелик жумысымда тийкарынан Өзбекстан ҳәм Орайлық Азия мәмлекетлеринде пуқаралық мәселелери яғный пуқаралыққа ийе болыў, қабыл етиў, оннан шығыў, тиклеў ҳәм оны жоғалтыўдың ҳуқықый тийкары ҳәм тәртиплерин жазып өткенмен. Исленген анализ ҳәм салыстырыўлар соны көрсетеди, Өзбекстан Республикасы ҳәм Тәжикстан, Қазақстан Республикасындағы пуқаралыққа тийисли нызамшылық жүдә ҳәм түптен паық етпейди. Айрықша жағдайларда арза ҳәм усынысларды көрип шығыў ҳәм пуқаралықты қабыл етиў ҳәм оннан шығыўға тийисли мүддетлер бойынша паық көринеди.

Қалаберсе дүнья тәжрийбесинен билемиз, пуқаралыққа тийисли нызамшылық ҳәм нормативлик ҳүжжетлер императив характерге ийе.

Әсиресе Орайлық Азиядағы бир қатар мәмлекетлер Тәжикстан ҳәм Қазақстан Республикасының пуқаралық институты мазмуны ҳәм оның ҳуқықый тәреплери анық ашып бериўге ҳәрекет еттим. Бунда тийкарынан Орайлық Азия көлеминде имзаланған еки ҳәм көп тәреплеме шәртнамалардың ҳуқықый қағыйдаларына итибарымды қараттым. Тәжикстан ҳәм Қазақстан Республикаларының ишки ҳәм сыртқы нызамшылық базасын үйренип шыққан ҳалда усы питкериў қәнигелик жумысымда олардың пуқаралыққа тийисли еки тәреплеме анализлеўге еристим. Пуқаралық бойынша Өзбекстан ҳәм Тәжикстан Республикасы арасында “Услап бериў ҳаққында”ғы, қалаберсе Украина

мәмлекети менен “Еки пуқаралықтың алдын алыў ҳаққында”ғы шәртнамалар еки мәмлекет арасындағы жынаятшылықтың алдын алыўға ҳәм бирден бир пуқаралықты тәмийинлеўге хызмет етеди.

Усы тема көлеминде ҳәзирги күнге шекем көплеп машқала ҳәм тартыслы жағдайлар келип шыққан. Мысал ретинде ҒМДА мәмлекетлери тәрепинен Бурынғы СССР тарқалғаннан кейин олардың ўәкилликли дүзилмелери тәрепинен тийкарсыз паспортлар бериў айқын мысал есапланады.

Ҳәзириги күнге келип Орайлық Азия мәмлекетлери ҳәм Өзбекстан Республикасы арасында пуқаралыққа ийе болыў ҳәм оннан шығыў мәселесине тийисли шәртнама имзаланбаған. Яғный Өзбекстан Республикасы пуқаралығын алыў яки оннан шығыў барлық мәмлекет пуқаралары ушын тең есапланады. Тәжикстан Республикасы нызамшылығы мысалында пуқаралықты қабыл етиў мәселесы ҒМДА мәмлекетлериниң пуқаралары ушын жеңиллестирилген жағдайларын көриўимиз мүмкин.

***Питкериў қанигелик жумысыма тиийсли усынысларым төмендегилерден ибарат:***

1. Өзбекстан Республикасы көлеминде пуқаралық мәселелери бойынша шағым етилген арза ҳәм усынысларды көрип шығыў мүддетин кемейтиў;
2. Өзбекстан Республикасы пуқаралығын қабыл етиў ҳәм оны тиклеўдиң ҒМДА яки Бурынғы СССР пуқаралары ушын мүддетти қысқартылған ҳәм ықшамластырылған ҳалда белгилеў;
3. Сырт елде хызмет сапары, даўаланыў, билим яки саяҳат етиў мақсетинде шет елге шыққан Өзбекстан Республикасы пуқараларының пуқаралығын тастыйықлаўшы ҳүжжетлери яки паспортлары жойтылған жағдайда олардың тийислилигин қысқа мүддетте расмий веб электрон система арқалы тастыйықлаўды енгизиў;
4. Пуқаралық мәселелери бойынша орайласқан бирден бир мәмлекет уйымларын шөлкемлестириў мақсетке муўапық.

Егер бирден бир орайласқан дүзилме шөлкемлестирилсе арза ҳәм усыныслардың көрип шығылыўында тезлик пайда болар еди.

Бурынғы Өзбекстан ССР пуқараларының көпшиликги қоңсы мәмлекет пуқаралары яки пуқаралығы болмаған шахслар болып, оларға қарата пуқаралықты қабыл етиў ҳәм оннан шығыў мәселесине тийисли ықшамластырылған нызамшылық яки еки тәреплеме питимлер имзаланса, әсиресе пуқаралықты тиклеўге тийисли жеңиллестириўши ҳуқықый қағыйдалар енгизилиўи ўатанласларымыздың ўатанға қайтыўы тезлеседи.

“Шахс Өзбекстан Республикасы пуқаралығын қабыл етер екен, усының менен ол Конститутиямыз ҳәм нызамларымызда беккемлеп қойылған ҳуқық ҳәм еркинликлерди республика аймағында ҳәм оның тысқарысында қорғаў миннетин өз мойнына алады”.[54]

Соны да айтып өтиў керек Орайлық Азия регионында да дәл регионаллық ҳарактердеги пуқаралық мәселесине тийисли шәртнамаларды имзалаў ҳәм бар нызамшылық базасын жаңалаў мақсетке муўапық деп ойлайман. Себеби Орайлық Азия регионында пуқаралық мәселелери бойынша салмақлы шәртнама ҳәм питимлер бир қанша бөлеги Европа территориясына кириўши Россия Федерациясының қатнасыўысыз имзаланбай атыр.

Ҳуқықтаныў алымлардың пикирлеринше пуқаралық мәселесине тийисли питим яки шәртнама еки тәреплеме болғаны мақсетке муўапық. Лекин Европа Аўқамы ағза мәмлекетлер усы мәселениң шешимин табыўға урынбақта.

Соның ушын демократиялық ҳуқықый мәмлекетлер ҳуқықый ҳәм халық аралық ҳүжжетлер тийкарында пуқараларының сиясий-ҳуқықый қатнасықларын тәртипке салыўда ҳәрекет етеди. Пуқаралық тараўындағы мәмлекеттиң ишки нызамларды турақлы рәўиште жетилистирип барыў, еки тәреплеме шәртнама ҳәм конвенциялар дүзиў халықаралық ҳуқық әмелиятындағы унамсыз ақыбетлерин сапластырыўдың ең нәтийжели усыллары есапланады.

Ҳәзирги күнде Өзбекстан Республикасында пуқаралық ҳәм пуқаралық мәселелери бойынша салмақли жумыс ҳәм режелер әмелге асырылмақта, боның айқын дәлили сыпатында қабыл етилген нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлеринде де өз көринисин табыўы сыр емес.

---

[54] И.А.Каримов.Буюк келажагимизнинг ҳуқуқий кафолати.Т.:”Шарқ”,1993,9 б

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


**I.Өзбекстан Республикасы Президенти мийнетлери:**

1. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари – олий қадрият. Т. 14. – Т.: Ўзбекистон, 2006.
2. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т.– 1. Т.: Ўзбекистон, 1996.
3. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т. 6. – Т.: Ўзбекистон, 1998.
4. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10. – Т.: Ўзбекистон, 2002.
5. Каримов И.А. Буюк келажагимизнинг ҳуқуқий кафолати. Т.:”Шарқ”,1993.

**II. Тийкарғы әдебиятлар**

1. Ўзбекистон Республикаси коституциявий ҳуқуқи. Саидов А.Х. – Т.: ТДЮИ 2005й.
2. Конституция ва Ўзбекистон Республикасининг фуқаролиги. А.Б Чўлиев, Р.Р Отабоев .: ТДЮИ 2006й.
3. Халқаро ҳуқуқ. Саидов А.Х.– Т.: 2001й.
4. Қаюмов Р.Қ. Ўзбекистон Республикасининг конституциявий ҳуқуқи. Дарслик. – Т.: ИИВ Академияси, 1997й.
5. Одилқориев Ҳ.Т, Тультиев И.Т, Муҳамедов Ў.Х. Конституциявий ҳуқуқ. Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2005 й.

**III. Қосымша әдебиятлар**

1. Аҳмедов Д.Қ. Ҳуқуқий демократик давлат, фуқаролик жамиятида ижтимоий ҳимоялаш: адолат тамойиллари. Ўзбекистон Республикаси Олий судининг ахборотномаси, 2005й.
2. Аҳмедов Д.Қ. Давлат қурилиши ва конституциявий ислоҳотлар.//Ҳаёт ва қонун. 2003й.
3. Ибодуллаев Ж. Ўзбекистон конституцияси ва амалдаги қонунчиликнинг ривожланиши: мустақиллик ҳамда давлат ва ҳуқуқ муаммолари. // Илмий мақолалар тўплами**.** -Самарқанд: “СамДУ”. -1995й.
4. Хидиров С.М. Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг ривожланиш босқичлари. //Илмий-анжуман маъруза матн. 5 декабр 2003й.
5. Чўлиев А.Б. Отабек Р.Р. Конституция ва Ўзбекистон Республикасининг фуқаролиги.:Т”ТДЮИ”.2006й
6. Черниченко С.В. Международно-правоые вопросы гражданство.- Москва,1968г

**IV. Өзбекстан Республикасы нызамлары ҳәм нызам асты ҳүжжетлери**

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2003й.
2. Ўзбекистон Республикаси Консуллик Устави. 29.08.1996й.
3. Ўзбекистон Республикасининг «Фуқаролиги тўғрисида»ги Қонуни. 02.07.1992й.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг ПФ-2240 сонли фармони билан тасдиқланган, Паспорт тизими тўғрисидаги Низом.26.02.1999й.

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг ПФ-500 сонли фармони билан тасдиқланган, «Ўзбекистон Республикасининг фуқаролигини билан боғлиқ масалаларии кўриб чиқиш тартиби тўғрисида»ги Низоми.

6. Хорижда Ўзбекистон Республикаси фуқароларини ҳисобга олиш ва рўйхатга олиш тартиби тўғрисидаги Йўриқномаси

7. Ўзбекистон Республикасининг "Оила Кодекси".30.04.1998 й.№ 607-I

8. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 26 феврал 1999 йилги ПФ-2240-сонли Фармони, Вазирлар Маҳкамасининг 91 ва 92-сонли «Ўзбекистон Республикасида паспорт тизимини амалга ошириш тўғрисида»ги қарорларини эълон қилиш бўйича Йўриқномани тасдиқлаш ҳақида» Ўзбекистон Республикаси ИИВнинг 1999 йил 29 мартдаги 55-сонли буйруғининг янги таҳрири

9. Ўзбекистон Республикаси билан Тожикистон Республикаси ўртасида "Ушлаб бериш тўғрисида" шартнома. Душанба ш. 2000 й. 15 июнь

10. Ўзбекистан Республикаси "Фуқаролилига мансублик" маълумотномани бериш тўғрисидаги Тартиби. 15.10.1998й

11. Информационно-правовая система (ИПС) "Pravo"

12. Информационно-правовая система (ИПС) "Norma"

13. Ўзбекистон Республикасининг 16 ёшга тўлмаган фуқароси гувоҳномасини Ўзбекистон Республикаси Ички ишлар идоралари томонидан расмийлаштириш ва бериш тартиби тўғрисидаги йўриқнома.Ўзбекистон Республикаси ИИВнинг 2001 йил 11 март 65-сонли буйруғи

14. Ўзбекистон Республикасининг 16 ёшга тўлмаган фуқароси гувоҳномасини расмийлаштириш ва бериш тартиби тўғрисида низом. Вазирлар Маҳкамасининг 2000 йил 30 декабрдаги 519-сон қарори

15. Ўзбекистон Республикасининг "Фуқароларнинг мурожаатлари тўғрисида"ги қонуни. 1994 йил 5 май

16. Ўзбекистон Республикасининг "Виждон эркинлиги ва диний ташкилотлар тўғрисида"ги қонуни.(янги таҳрир) 1998 йил 1 май

17. Ўзбекистон Республикасининг "Фуқароларнинг ҳуқуқлари ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар ва қарорлар устидан судга шикоят қилиш тўғрисида"ги қонуни. 1995 йил 30 августь

## V. Көп томлык китаплар:

1. Действующее международное право. В 3-х томах. Составители Колосов Ю.М. и Кривчикова Э.С.. Том 1. –М.: Издательство Московского независимого института международного права, 1996, – 864 с.

## VI. Орайлық Азия мәмлекетлериниң пуқаралыққа тийисли нызамшылығы

1. Конституция Республики Таджикистан-Душанбе, Таджикистан. 2003г
2. Конституция Республики Казахстан- Алмати, Казахстан. 2007г
3. Закон Республики Казахстан "О гражданстве Республики Казахстан" 20.12.1991 г
4. Конституционный Закон Республики Таджикистан "О гражданстве Республики Таджикистан" 4.11.1995 г
5. Правительства Республики Таджикистан от 1 февраля 1999 года и положением о заграничных паспортах граждан Республики Таджикистан, утвержденным постановлением Правительства от 26 февраля 1998 г.
6. Регламент "Регистрация приема и выхода из гражданства Республики Казахстан" от 9 сентября 2007 года №361
7. «Об утверждении образцов вида на жительство в Республики Казахстан иностранного гражданина и удостоверения лица без гражданства», от 12 июля 2000 года № 1063
8. Договор между Российской Федерацией и Республикой Таджикистан об урегулировании вопросов двойного гражданства. (Москва, 7 сентября 1995 г.)
9. Договор между Республикой Узбекистан и Украиной о предотвращении возникновения случаев двойного гражданства, 5 декабря 1996 года. Ратифицирован Постановлением Олий Мажлиса РУз от 25 апреля 1997 года N 426-I;
10. Соглашения об упрощенном порядке приобретения гражданства - с Казахстаном (1995 г.);

## VII. Архив материаллары

1. Ўзбекистон Республикаси Ички ишлар вазирлигининг архиви

## VIII. Интернет сайтлар

1. http://www.mvd.uz Ўзбекистон Республикси Ички ишлар вазирлигининг расмий веб саҳифаси
2. http://www.mfa.uzЎзбекистон Республикси Ташқи ишлар вазирлигининг расмий веб саҳифаси
3. http://www.mvd.kz
4. http://www.mediainform.tj
5. http://www.bestpravo.ru
6. http://www.zakon.com

Бердақ номидаги ҚДУ нинг юридик факультети 4-курс талабаси С. Исмаиловнинг «Фуқароликни халқаро-ҳуқуқий тартибга солиш " мавзусидаги битирув малакавий ишига

**ТАҚРИЗ**

Фуқаролик конституциявий ҳуқуқ сохасиниг муҳим ҳуқуқий институтларидан бири ҳисобланади. Айниқса глобаллашув ва интеграция жараёнлари жадаллашаётган XXI асрда фуқаролик билан боғлиқ масалалар ечими долзарб бўлиб бормоқда. Демократик ҳуқуқий давлат фуқароларнинг жамият ва давлат ишларини бошқаришда тобора кенг иштирок этишга оид шароитларни беришга маъсулдир. Фуқаролик институти инсон ҳуқуқ ва эркинликлари борасидаги масалаларии ёритиш борасида,фуқароларнинг қонуний маанфатларини муҳофаза қилишда кенг имкониятлар яратади. Фуқаролик мақомига бўлган бундай ёндашув демократик давлатларнинг қонунчилиги ва амалиётида ўз аксини топмоқда.

Битирув малакавий ишнинг асосий мақсад ва вазифалари Марказий Осиё давлатларида фуқаролик институтининг шаклланиши, фуқаролик масалаларига доир Ўзбекситон ва Марказий Осиё давлатларининг қонунчилик тизимини ўрганиш, қолаверса фуқаролик тушунчасига ҳуқуқий тавсиф бериш ва фуқароликка оид масалалар(ариза ва тақдимномалар)ни кўриб чиқилишининг ҳуқуқий жиҳатларини ва ўзига хос хусусиятлари билан ёритиш ҳамда, бу соҳага доир истиқболли режаларни ўрганиб чиқишдан иборат.

Малакавий иши кириш, 3 боб, 6 параграф, хулоса ва фойдаланилган адабиётлардан иборат.

Муаллиф илмий ишида Президентимиз И.А.Каримов асарларидан, жумладан 2010 йили 12-ноябрьдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшимча мажлисидаги «Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлатириш ва фуқаролик жәмиятини ривожлантириш концепцияси» мавзусидаги маърузасидан фойдаланилган.

Шунингдек миллий қонунчилигимиздан, хорижий мамлакатлар тажрибасидан, илмий адабиётлардан, илмий журналлардан фойдаланган.

Умуман олганда С Исмаиловнинг битирув малакавий иши қуйиладиган барча талабларга жавоб беради ва уни оммавий ҳимоя қилишга тавсия қилиш мумкин деб ҳисоблайман.

**Илмий раҳбар: ю.ф.д. проф. Маткаримова**